

ЗэIущIэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

2-нэ нап.



«Дыкъоджэ, додаIуэ, сурэту дощI

3-нэ нап.



Багъ Идари УФ-м плIэнейрэ и чемпион хъуащ

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№136 (25.042) • 2026 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ



СыткIи нэсу къызэгъэпэщауэ

Курыт еджапIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа программэр республикэм гъэзэщIэн щыщIадзащ 2022 гъэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек абы пыщIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым щытопсэлъыхь Максым щиIэ напэкIуэцIым.

«Илъэсиплым къриубыдэу республикэм къыщыдгъэщIэрэщIэжащ еджапIэ 80-м нэблагъэ. Курыт еджапIэхэр зэгъэпэщыжым теухуа программэр къыхэзылъхьар ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэрщ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, еджапIэр къэгъэщIэрэщIэжыныр ар къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным и закъуэкIэ зэрызэфIэмыкIыр, атIэ щIэблэм еджэным къыщагъэсэбэпыну Iэмэпсымэхэмрэ классхэм папщIэ унэлъащIэхэмкIи ар нэсу къызэгъэпэщауэ щытынри зэрыхыхьэр.

Мы гъэм дэ лэжьыгъэшхуэхэр дублащ – зы илъэсым еджапIэ унэу 38-рэ къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжынущ, нэгъуэщIитхуи илъэситI пIалъэм къриубыдэу зыхуей хуэдгъэзэнущ. Абыхэм ящыщу еджапIэ 17-р зэдгъэпэщыжакIэщ, иджырей зэманым екIуу, тыншыпIэхэр яIэу – сабийхэри егъэджакIуэхэри щыгуфIыкIыу. Нэхъ ин щIын хуейуэ къэтлъытахэм къыпытщIыхьащ икIи сабийхэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущапlэхэр зы сменэу лажьэу зэтедухуащ», - щетх республикэм и Iэтащхьэм Интернетым щиIэ напэкIуэцIым.

Лъэхъэнэм щIедзэ

Iуащхьэмахуэ щрагъэжьащ бгы-лыжэ лъэхъэнэр – метр 3847 – 3500-рэ лъагагъым «Гарабаши-Мир» кIапсэ гъуэгум и ищхьэ щIыпIэр къыщызэIуахащ. Адрей къежэхыпIэхэри ягъэхьэзыр.

ИДЖЫПСТУ Iуащхьэмахуэ щIыIэр градус 14-м щынос. Абы щолажьэ уэс Iэрыщlхэр зыщI генератору 48-рэ. Ахэр къагъэсэбэп гъуэгум уэс нэхъыбэ телъын икIи цIыхухэм нэхъ тыншу къажыхьын папщIэ.

Жэпуэгъуэм и кIэ лъандэрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъасэ Москва, Санкт-Петербург, Калугэ, Воронеж, Липецк къикIа, бгы-лыжэ спортым хэт цIыху 200-м щIигъум, апхуэдэуи ски-альпинизмэмкIэ Тыркум и гуп къыхэхам. Мы махуэхэм иджыри спортсмен 57-рэ къэкIуэн хуейщ.

«Шэч къытесхьэркъым Iуащхьэмахуэ щекIуэкI бгы-лыжэ лъэхъэнэм ди хьэщIэхэр Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ, хабзэ дахэхэмкIэ, шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, хьэщIагъэ гуапэмкIэ аргуэру къызэрыдихьэхынум. Сытым дежи хьэщIэр ди гуапэщ – фыкъеблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым!» - щитхащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Максим щиIэ напэкIуэцIым.





Бгъуэтыжынур пщIаращ

«Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» – аращ зэреджэр анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щIэныгъэмрэ хъумэным, егъэфIэкIуэным, щIэблэр абыхэм щIэпIыкIыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI цIыху гуащIафIэхэр зыгъэлъапIэ къэрал саугъэтым. УнэтIыныгъэ куэду зэхэт а Iуэхугъуэ щIагъуэр япэ дыдэу 2020 гъэм къыхалъхьащ, зыхуэзгъэпсари къыдэкIуэтей щIэблэм я гупэр зыщыщ лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм хуэгъэзэныр зэрыIэмалыншэр ягурыгъэIуэныр, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэн папщIэ, дэтхэнэ зыми и лъэпкъыщхьэм къыщригъэжьэныр зэрынэхъыщхьэр зыхегъэщIэныр, къэралми щIыналъэхэми щыпсэу лъэпкъыбэм я бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр псоми я зэхуэдэ псэкупсэ лъапIэныгъэу зэрыщытыр яхэпщэныр. «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» къэрал саугъэтым щIэупщIэшхуэ игъуэтащ, абы хыхьэн папщIэ, хэгъэгухэми лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI хъуащ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъущи, ди лъэпкъэгъухэри а Iуэхугъуэм жыдэжэру хохьэ, купщIафIэу зыщагъэлъагъуэ, анэдэлъхубзэм и Iофыр щIэблэм зыхегъэщIэн папщIэ, ящI гукъэкIхэмрэ къыхалъхьэ жэрдэмхэмрэ къэралпсо утыкум щагъэлъагъуэ. Апхуэдэу иджыблагъэ Налшык къалэм къепха Кэнжэ (Къуэшыркъуей) къуажэм дэт курыт еджапIэ №20-р «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» саугъэтым екIуу хэтащ, «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр» унэтIыныгъэми къыщыхэжаныкIащ. Саугъэтым и 3-нэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ курыт еджапIэм и унафэщI Аслъэн Майе, информатикэмкIэ и егъэджакIуэ ЛIуп Марианнэ, есэпымкIэ и егъэджакIуэ Шагъыр Галинэ сымэ.

– Урысейм анэдэлъхубзэхэмкIэ и институтым «Бзэр лъэпкъым и псэщ» зыфIища и пэхущIэр щагъэунэху утыкуу щытщ ди еджапIэр, ди лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зытеухуари анэдэлъхубзэхэр – адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ – къытщIэхъуэ щIэблэр хуедгъаджэ къудей мыхъуу, абы щIэпIыкIынырщ, абыкIэ гупсысэу къэгъэхъунырщ. Лъэпкъыр пхъумэн папщIэ, бзэр ебгъэщIэныр щримыкъу щыIэщ, а бзэмкIэ псалъэ щэнхабзэми щыгъэгъуэзэныр, ар зехьэн зэрыхуейр гурыгъэIуэныр ди къалэнхэм къыхохьэ. Адыгэбзэри балъкъэрыбзэри ди щIыналъэм и къэралыбзэхэм ящыщщи, дытемыплъэкъукIыныр, яхуэфащэ гулъытэ егъэгъуэтыныр, ди лэжьыгъэм и пкъощIэсэ щIыныр игъуэу къэтлъытащ, – жеIэ саугъэтыр зыхуагъэфэща Аслъэн Майе.

ЕкIуэкIа зэпеуэм къыщыхалъхьа пэхуэщIэм, «Илъэсищэхэр зи ныбжь къежьапIэхэр» зыфIащам, къызэщIрагъэубыда Iуэхугъуэхэр еджапIэм 2017 гъэ лъандэрэ щызэфIах. Ар зылъэмыIэс класс еджапIэм иIэкъым. А Iэнатlэр зыхуей хуэзэу кърахьэлIэн папщIэ, еши щхьэхи ямыIэу мэлажьэ адыгэбзэр езыгъэджхэу Къэзанш Нинэрэ Мамий Маритэрэ, балъкъэрыбзэр ныбжьыщIэхэм езыгъащIэхэу Соттаевэ Лидэрэ Кулиевэ Любоврэ. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэр зэрыщыткIэ и нэIэ щIэтщ еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэ КIэш Ритэ. ИитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жыхуиIэращи, акъыл зэхэдзэкIэ еджапIэм щызэтраубла Iуэху дахэм фIыгъуэ Iэджи кърокIуэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, зи цIэ къитIуа пэхущIэм еджакIуэхэр зэрыхашапэр, абы къигъэув къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ дэтхэнэми Iэнатlэ пыухыкIа иIэу зэрекIуэкIыр.

Гъэщlэгъуэнращи, псалъэкIэ мыхъуу, Iуэхукlэ гъэнщIауэ йокIуэкI махуэ еджэгъуэр. Пэхуэщlэр зэщIэн папщIэ, еджапIэм адыгэбзэкIи балъкъэрыбзэкIи театр гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэрагъэпэщ, литературэ хьэщIэщхэр щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI. Хэгъэгум ит еджапIэхэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр мымащIэу къызэрыщыхалъхьэм шэч хэлъкъым. Ауэ къуэшыркъуей щIалэгъуалэм я анэдэлъхубзэм хущытыкIэфI зэрыхуаIэр къыхощ иужьрей илъэсхэм къэралпсо икIи хэгъэгупсэ зэпеуэхэм зэрыщытекIуэмкIэ, утыкушхуэхэм я цIэр къыщрaIуэ зэрыхъуамкIэ.

«Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» саугъэтым къыхуэкIуэ гъуэгур кIэщIкъым. Абы щхьэкIэ умыувыIэу улэжьэн хуейти, еджапIэм хузэфIэкIащ ехъулIэныгъэ зыбжанэ зыIэригъэхьэну. Апхуэдэу еджапIэр 2017 икIи 2022 гъэхэм щытекIуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» хэгъэгупсо зэпеуэм, адыгэбзэмкIэ ирагъэкIуэкI олимпиадэ зэхьэзэхуэхэм еджапIэм и гъэсэн Болий Русалинэ 2025 гъэм япэ увыпIэр къыщихьащ, ар зыгъэхьэзыра егъэджакIуэ Къэзанш Нинэ КъБР-м и Iэтащхьэм и фIыщIэгуапэ тхылъымрэ саугъэтымрэ кърагащ, балъкъэрыбзэмкIэ егъэджакIуэ Соттаевэ Лидэ 2025 гъэм «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ. МащIэкъым апхуэдэ фIыщIэу еджапIэм лъэпкъыбзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ щIэблэм яхэпщэным хуэгъэзауэ екIуэкIар. Жыlэн хуейщ, а гуащIэдэкIыр гулъытэншэ зэрымыхъуари: 2026 гъэ лъандэрэ еджапIэр анэдэлъхубзэхэр егъэджыныкIэ къэралым къызэригъэпэща утыкуитIым язу щытщ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэри щIэныпхъэрэ эксперт дэIэпыкъуэгъурэ хуэныкъуэщ. Абы и Iуэхукlэ еджапIэм щIэныгъэ зэIущIэхэри, Iэнэ хъурейхэри, щIэнIуатэхэри, дерс дамэдазэхэри щрагъэкIуэкI. Апхуэдэу Аслъэн Майерэ Къэзанш Нинэрэ зэгъусэу Урысейм анэдэлъхубзэмкIэ и институтым къыдигъэкI «Анэдэлъхубзэхэм я гъуазэ» зэужьым тхыгъэ хьэлэмэт къытрырагъэдзащ, лъэпкъ хабзэхэм ныбжьыщIэхэр щIэпIыкIыным епха Iуэхугъуэхэр щызэпкърахыу. Къэралым и щIыпIэ куэдым фIы и лъэныкъуэкIэ щытепсэлъыхьащ «Урысей щIэныгъэ» журналым щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр еджэныгъэм зэрыхаухуанэм ехьэлIауэ къытрырагъэдза нэгъуэщI зы тхыгъэми. Нэгъуэщlу жыпIэмэ, «дощI» е «идогъэкIуэкI» псалъэхэмкIэ зэфIэмыкIыу, ящIымрэ ирагъэкIуэкIымрэ щIэныгъэ лъабжьэ зэраIэр, щэнгъасэм къигъэув мардэхэм зэрытращIыхьыр, егъэджэныгъэ пщалъэхэм къызэритIасэр еджапIэм и гуащIэм хыболъагъуэ.

Мэзкуу щекIуэкIа «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» къэрал саугъэтым и гъэфIэжым хэтащ жылагъуэ, щIалэгъуалэ, волонтёр икIи щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр, къэрал музейхэмрэ лъэпкъ IэщlагъэхэмкIэ центрхэм я Iэщlагъэрылажьэхэр, нэгъуэщIхэри. Гуапэщ анэдэлъхубзэр щIэблэм зи гъащIэр езытахэм УФ-м и Президент Путин Владимир зэрызакъыхуигъэзари. Къэрал тхьэмадэм и хъуэхъу псалъэм къыщыхигъэщащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу рагъэкIуэкI Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ зэрыритыр, абы хуэщIыпхъэ гулъытэм цIыхубэм и гупэр лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэIэтынымкIэ жэрдэмхэр нэхъыбэ ещI.

– Зэпеуэм дыкъыщыхэжаныкIащ, ди лъэр щIагъэкIащ, ар пэжщ. Ауэ абдеж дыкъыщыувыIэну ди мурадкъым. ЕбгъэфIакIуэ мыхъун щыIэкъыми, ди лэжьыгъэм иджыри дыкэплъэжыну, къыхэплъхьэ хъуну фIыхэм дегупсысыну ди гугъэщ. Ар къэгъэнауэ, дызэдынэса лъагапIэм хуит дыкъещI ди гуащIэдэкIым нэхъри зедгъэубгъунущ, ди щIыналъэми, Кавказ Ищхьэрэми, щыпсэухэм шэщIауэ дадэлэжьэнущ, жытIэнырщ. Шэч хэлъкъым, бгъуэтыжынур пщIаращ. ТщIэр зыхуэгъэзар ди щIэблэращи, абыкIэ сыт хуэдэ дахэ тхузэфIэкIми, зэи куэд хъунукъым, – жеIэ Аслъэн Майе.

ШУРДЫМ Динэ.

«ЛIыхъужьхэм я зэманым» пIалъэщIэ къызэIуех

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым щытепсэлъыхьащ «ЛIыхъужьхэм я зэман» программэм и ещанэ Iыхьэм лэжьэн зэрыщIидзэм.

«Ди Президент Путин Владимир и унафэкIэ «ЛIыхъужьхэм я зэман» программэм и ещанэ чэзум хэтынухэр къыхах. Дзэ Iуэху хэхам хэтахэр къэрал, муниципальнэ къулыкъущIапIэхэм, къэралым и унафэ щIэт компаниехэм, цIыхубэ гъащIэм епха къулыкъухэр зэрахьэным щыхуагъэхьэзыр программэщ «ЛIыхъужьхэм я зэманыр».

Ещанэ Iыхьэм щIэуэ къэхалъхьащ абы дзэ Iуэху хэтам хэтахэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зимыIэхэри хыхьэ зэрыхъунур. Еджэгъуэ пIалъэр илъэсищ мэхъу, ар ягъэкIэщIащ технологиещIэхэр къызэрагъэщхьэпэмрэ къызэгъэпэщыкIэ Iэмалыщlэхэмрэ я фIыгъэкIэ.

Программэм хэтыну хуейхэм я лъэIу тхылъхэр 2027 гъэм щIышылэм и 27 пщIондэ хабзэкIэ лажьэ сайтым ирагъэхь хъунущ.

● Гу зылъытапхъэ

ЩIалэгъуалэр къыхах

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм хагъэхьэнухэр къызэрыхахым и хъыбар къыдигъэщIащ хабзэубзыху Iуэхущlапlэм.

РЕСПУБЛИКЭ, щIыпIэ жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ самоуправленэмкIэ я органхэм епхауэ лажьэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм, студент зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм зи лIыкIуэхэр хэзыгъэхьэну хуейхэм КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым мыпхуэдэ дэфтэрхэр ирагъэхьапхъэщ: къызыбгъэдэкI Iуэхущlапlэм и унафэр, хыхьэну зэрыхуейр хабзэм тету къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэр, Iуэхущlапlэм щылажьэ цIыху бжыгъэр, ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну къагъэлъагъуэм теухуа тхыгъэ, абы и паспортымрэ къиуха еджапIэм и дипломымрэ копие техауэ, щылажьэм къыIиха тхыгъэр. Копие зытраха псоми мыхъур телъу щытын хуейщ.

Дэфтэрхэр щэкIуэгъуэм и 20 пщIондэ Налшык къалэм, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 55-нэ унэм и 105-нэ пэшым яхьын хуейщ.

Зэпеуэм теухауэ хъыбар нэхъыбэ къывжаIэнущ, 42-60-84, 40-42-28 телефонхэмкIэ фыпсалъэмэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8 (8662) 40-89-70**, **40-34-32**.

Ди къуэш республикэхэм

Жыгыщlэхэр ягъэтIыс



АДЫГЕЙ. «Мэзыр тхъумэнщ» урысейпсо Iуэхум ипкъ иту республикэм и щыхьэрым жыгыщIи 100-м щIигъу щыхасащ.

- Мейкъуапэ Чкаловым и цIэр зезыхьэ уэрамым и скверым къалэ администрацэм и лэжьакIуэхэм, депутатхэм, ветеранхэмрэ волонтёрхэмрэ уэздыгъей, псей, кIей плъыжьу 100-м щIигъу щыхасащ, - жиIащ къалэм и Iэтащхьэ Митрофанов Геннадий.

«Мэзыр тхъумэнщ» акцэр хохьэ «ЩIыуэпс зэIузэпэщыгъэ» лъэпкъ проектым икIи къалэм дежкIэ хабзэ хъуащ. Мы гъэм нэхъапэIуэкIи Мейкъуапэ щагъэтIысащ жыг мин зыбжанэ. Псори зэхэту я мурадщ жыг мини 10-м щIигъу хасэну, абыхэм ящыщу нэхъыбэр щIыналъэм и щыхьэрым хуэзэу.

- Мейкъуапэ щхъуантIагъэхэр щыхэсэныр «Урысей зэкъуэт» партыр и щIэгъэкъуэну Адыгей Республикэм и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат пщэрылъ къытщищIа лэжьыгъэм и Iыхьэщ. АбыкIэ щIэгъэкъуэныщхуэ къытхуэхъуащ «НВМ» ухуакIуэ компаниер: ар къыддэIэпыкъуащ фIагъ зиIэ жыг лIэужьыгъуэхэр къэтщэхунымкIэ. Си фIэщ мэхъу Адыгейм и щыхьэрыр нэхъри дахэ зэрыхъунур, нобэ хэтса жыгхэм къалэдэсхэр илъэс куэдкIэ зэрагъэгумIэнур, - къыхигъэщащ Митрофанов Геннадий.

Гектар мин 11-м щIигъум щыхасащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм бжыхьэсэр ирагъэкIуэкI. КъШР-м и Правительствэм къызэритымкIэ, яубзыхуа лэжьыгъэм и процент 72-м щIигъур зэфIагъэкIащ.

Лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI республикэм и Абазэ, Нэгъуей, Хьэбзэ, нэгъуэщI районхэми. ИджыкIэ жылэхэр щыхасащ гектар 11308-м.

Бжыхьэсэ гуэдзыр гектар 14 450-м, хьэр гектар 1100-м щыхасэнущ. Абы нэмыщI, мы гъэм республикэм и мэкъумэшыщIэхэр пэрыхьащ щIымахуэ былымкъэбыстэ хэсэным, гектар 400 зыхухахам. Нэгъабэ апхуэдэ къэкIыгъэ ящIакъым.

КъШР-м и Правительствэм къызэрыщыхагъэщащи, бжыхьэсэр зэрырагъэкIуэкIым и фIагъым елъытащ дызыхуэкIуэ илъэсым бэвагъыр зыхуэдэнури, а лэжьыгъэм йогугъу.



УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЗэфIэкIыфIхэр къагъэлъагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм Ерыскъыпрэ ерыскъыхэкIхэмкIэ и департаментым къызэритамкIэ, 2026 гъэм и щIышылэм – шыщхьэуIум къриубыдэу республикэм нэкулъ лIэужьыгъуэу къыщыщIагъэкIам процент 32,2-кIэ хагъэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ - тонн мин 0,5-м щIигъу хъуащ ар.

Апхуэдэуи хэхъуэфIхэр щыIэщ нэгъуэщI ерыскъыхэкIхэмкIи. ЖыпIэнурамэ, шхурэ шхухэкIыу къыщIагъэкIам проценти 13,4-кIэ, шэ зэфэм проценти 10,8-кIэ, кхъуеймрэ кхъуейлъалъэмрэ проценти 10-кIэ хагъэхъуащ.

ЩIакъуэрэ щIакхъуэхэкIыу, макарону къыщIагъэкIам и куэдагъыр нэгъабэ и мазийм щыIа бжыгъэхэм хуэдизу къэнэжащ: мин 16,8-рэ, мин 1,8-рэ, ахэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ.

Къищынэмыщlауэ, 2026 гъэм и щIышылэм – шыщхьэуIум ерыскъырэ ерыскъыхэкIыу псори зэхэту къыщIагъэкIам и куэдагъыр проценти 105,8-рэ хъуащ.

КЪАЛМЫКЪ Альберт.



● ЩІДАА

ЗэІущІэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и зэІущІэ екІуэкІащ щэкІуэгъуэм и 6-м. Ар техуат академием къыпэщылъ зэІущІэшхуэм зэрыхуэхьэзырым. Гу лъытапхъэщ - щэкІуэгъуэм и кум ЩІДАА-м къыщапщытэжынуф 2026 гъэм имызакъуэу, Къанокъуэ Арсен академием и президенту зэрыщыта илъэсхэм ялэжьар. Къищынэмыщ1ауэ, щІэнуф академием и президент хэхыныгъэхэри.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ ЩІДАА-м и вице-президент, Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **Бакіуу Хъанджэрий**, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **Къэжэр Артур**, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием математикэмрэ автоматизацэмкІэ КъБР-м щиІэ институтым и унафэщІ **Псху Арсен**, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, «Къэбалъкъ Интурист» ООО-м и унафэщІ **КІыщокъуэ Руслан**, ЩІДАА-м и президентым и чэнджэщэгъу **Бэлахъуэ Олег**, ЩІДАА-м Абхъаз Республикэм щиІэ къудамэм и лІыкІуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, Абхъаз къэрал университетым щІэныгъэмрэ аспирантурэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Шал Тимур**, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, ЩІДАА-м и щІэныгъэлІ секретарь нэхъыщхьэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

Щхьэгъэпсом жиІащ зи гугъу тщІы зэІущІэм ирихьэлІэу, ЩІДАА-м и къудамэ унафэщІхэм ялэжьам, ирагъэкІуэкІа зэІущІэхэм, зыхэта дауэдапщэхэм ятеухуауэ тхыгъэ игъэхьэзырыну. Абы имызакъуэу, щІэныгъэ академием игъэлъэгъуэнущ алъандэрэ тхылърэ журналу къыдигъэкІар, Къанокъуэ Арсен ЩІДАА-м и президенту зэрыщыта илъэсхэм къриубыдэу, жылагъуэ зэгухьэныгъэм илэжьам теухуауэ республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа тхылъыр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, тхыдэдж, этнограф, литературовед, ІуэрыІуатэдж Инал-ипэ Шалвэ къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум ещІэкІа IV Дунейпсо зэІущІэу жэпуэгъуэм и 20 - 21-хэм Абхъаз Республикэм щекІуэкІам хэтат ЩІДАА-м къыбгъэдэкІыу Щхьэгъэпсо Сэфарбий зи пашэ гупыр.

ЗэІущІэм и етІуанэ махуэм ЩІэныгъэхэмкІэ Абхъаз академием Іэ традзат ЩІДАА-мрэ ЩІАА-мрэ 2032 гъэ пщІондэ зэрызэдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэм. А зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, ЩІДАА-м и зи чэзу зэІущІэм хэтыну къагъэкІуащ Абхъаз къэрал университетым щІэныгъэмрэ аспирантурэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Шал Тимур.


Ар къыщыпсэлъам жиІащ Дзэлыкъуэдэс къызэрыщалъхуар, мэкъумэш лэжьыгъэхэмкІэ Москва щыІэ академиер 1987 гъэм къызэриухар, илъэс 22-кІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Мэкъумэш университетым зэрыщылэжьар, илъэс зыбжанэ хъуауэ и унагъуэр щыгъуу Абхъазым Іэпхъуауэ АКъУ-м зэрыщыІэр.

Шалым и пщэ къыдалъхьащ ЩІДАА-м и лэжьыгъэм зыщигъэгъуэзэну, абы щапхъэ трахыу, академием Абхъазым щиІэ къудамэм и Іуэхугъэр зэтраублэну.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий Шалым иритащ фІыщІэ тхылърэ академием и дамыгъэмрэ икІи къыхигъэщащ ЩІДАА-м къыдигъэкІ журналым къытрадзэну тхыгъэхэр дяпэкІэ куэду кърагъэхьыну зэрыщыгугъыр.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Лъэпкъым и пщІэр лъагэщ



Тыркум и Къайсэр къалэм щыІэ Кавказ Хасэм Адыгэхэм я дунейпсо зэхуэсышхуэ иригъэкІуэкІащ мы гъэм и гъэмахуэм. Абы хэтащ дунейм и щІыпІэ куэдым щыпсэу адыгэхэр. Щыіащ абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэри: республикэм и щэнхабзэм, гъуазджэм и лэжьакІуэхэр. А гупым яхэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и дэІэпыкъуэгъу Хъыжьрокъуэ Азэмэт. Фестивалым щыІахэм ар зэрекІуэкІамрэ къазэрыщыхъуамрэ теухуауэ къаІуэтэжахэр ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетащ. Йджы Азэмэт и гугъу къытхуищІащ Адыгэхэм я дунейпсо зэхуэсышхуэм щызригъэцІыхуа, Къайсэр къалэм къегъэщІылІа Талас районым и унафэщІ Ялчын Мустэфа, ар ди лъэпкъэгъуэхэм къазэрыхущытым.

«ФЕСТИВАЛЫР дахэу, екІуу, щІэщыгъуэу къызэрагъэпэщащ. Адыгэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ лъагэу щаІэтащ, - жиІащ Хъыжьрокъуэм. - Дызыхуеблэгъахэр гуапэу къытІущІащ, я къытхущытыкІэм наІуэ къытщищІащ дыкъызыхэкІа лъэпкъым пщІэ зэрыхуащІыр. Шэч хэмылъу, ар куэдкІэ зи фІыщІэр хамэ хэку щыпсэу ди лъэпкъэгъухэрщ, я щхьэкІуам я лъэр щІрамыгъэуду, хамэщІым я щІыхьыр щрамыгъэлъэхъшэхыу я бзэр, я хабзэр, щэнхабзэр зыхъумэжахэрщ, хэхэс дунейм пщІэ щаІэу зи гъащІэр щызыухуэфахэрщ.

Гуапэу къытпыкъуэкІахэм ящыщщ Талас районым и унафэщІ Ялчын Мустэфа. Хэкумкіэ икІа цІыху 70-м нэблагъэр дригъэблагъэри, хьэщІагъэшхуэ къыдихащ. Абы жиІащ ди лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр игу зэрырихьыр, дахагъэ куэд абы зэрыхилъагъуэр, хамэ щІыпІэ щыпсэууэ ар зыхъумэжахэм, зезыхьэхэм пщІэшхуэ зэрахуищІыр. Апхуэдэуи къыхигъэщащ зэрэ зэрытхъумэным, зэредгъэфІэкІуэным езэш дымыщІэу дытелэжьэн зэрыхуейр. «Зи бзэр, хабзэр, щэнхабзэр къызыдекІуэкІ лъэпкъырщ лъабжьэ быдэ зиІэри къэкІуэну дахэ къызыпэплъэри», - жиІащ Мустэфа.

Ялчыныр 1962 гъэм Тыркум и Къайсэр къалэм къыщалъхуащ. Анкара дэт Гази университетым щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. Илъэс щэщІ хъуауэ къалэ къулыкъущІапІэм щолажьэ, Тыркум и Президент Эрдоган Реджеп Таийп и партым хэтщ. 2019 гъэм Талас районым и унафэщІу щыщытам, ар я пашэу, ди республикэм и лІыкІуэ гуп Тыркум щыІауэ щытащ. Абы щыгъуэм Къайсэр и уэрамхэм ящыщщ зым Налшык и цІэр фІащащ. Егъэджэныгъэ, экономикэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр яку дэлъу къалэхэр къызэдэгъуэгурыкІуащ. Абы теухуауи Ялчын Мустэфа жиІащ Налшыкрэ Къайсэррэ я зэкъуэшыгъэр егъэфІэкІуэным теухуауэ зэгъусэу зэдэлэжьэныр зэригуапэр. «Сыхуейщ ди зэныбжьэгъугъэр быдэу щытыну, зэпыщІэныгъэхэр ефІэкІуэну, зэхущытыкІэ дахэхэр диІэу лъэпкъитІыр дыкъызэдэгъуэгурыкІуэну», - жиІащ Ялчын Мустэфа.

Апхуэдэуи иджыри зы хъыбарыфІ мы махуэхэм къэІуащ. Къайсэр щылажьэ хасэм Талас районым щІы къыщищэхууэ щытащ. Ялчын Мустэфарэ хасэм и унафэщІхэмрэ зэгурыІуныгъэ зэращІылІащ абдеж адыгэхэм я Іуэхур щыдахыну щэнхабзэ центрышхуэ щаухуэныным теухуауэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Унэ зехьэным теухуауэ

ПщІэ зыхуэтщІ абонентхэ! Ди электрон хэщІапІэм https://kapremontkbr.ru/ унэ зехьэным теухуа лъэІу тхылъхэр тыншу къызэрытхуевгъэхьын напэкІуэцІ къыщыбгъуэтынущ. Къинэмыщ1ауэ, гу лъыбэдгъэтэну дыхуейщ: зыгуэркІэ мазэ къэс квитанцэ ныфІэрымыхьэмэ, абы фыщыщІэупщІэ тхыгъэкІэ зыкъытхуэвгъэзэну икъукІэ дыныволъэІу. Дэ Іуэхур зэфІэдгъэкІынурэ, занщІэу квитанцэ ныфхуедгъэхьынущ, ефтыпхъэ ахъшэр зыхуэдизым щыгъуазэу фыщытын папщІэ. Фэ фыдгъэтыншынымрэ фызыхуей фыхуэдгъэзэнымрэ япэ дэ зыри идгъэщыркъым!

Къэфщ1эну фызыхуей псоми фыщыщІэупщІэ хъунущ:

Телефонымрэ Максымрэ: 8 967 425-15-16
Е электрон пощтым: regoperator.07@mail.ru

Экономистым и махуэр щэкІуэгъуэм и 11-м ди къэралым щагъэлъапІэ.

«ЛЪАПСЭР, унагъуэр тэмэму зехьэн» къызэрыкІщ алыджыбзэм щыщ «экономикэ» псалъэр. Ар япэу къагъэсэбэпын щрагъэжьауэ къалъытар ди эрэм ипэкІэ IV лІэщІыгъуэм икуэрщ. Блэкіа жыжьэм къызэригъэнэІуэжымкІэ, нэхъапэм Щ1ы Хъурейм тепсэукІахэми унагъуэр зыхуей хуэгъэзэным, къедза лъапсэр зехьэным зэманышхуэ трагъэкІуадэрт.

Ауэрэ здекІуэкІым, цІыхухэр нэгъуэщІ пщэрылъхэми еувэлІэфу, ахэр гъэзэщІэным хуэщхьэпэ хэкІыпІэхэми лъыхъуэу щІадзащ. XVI лІэщІыгъуэр къыщихьэм, Европэм ит хэгъэгухэм къыщыунэхуащ экономикэр зищІысым щыгъуазэ щыхуащІ еджапІэ зыбжанэ. ЛІэщІыгъуэхэр блэкІри, ардыдэхэм цІыхухэм я псэукІэм зыщагужьащ, я зэхущытыкІэм пыщІа Іуэхухэм зыщаубгъуащ, хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыщІэгъэкІынымрэ хьэрычэтымрэ щызэтеуващ.

«Экономист» зыфІаща Іэщ1агъэм ди къэралым гулъытэ хэха хуащІ щыхъуар 1917 гъэм къыщыщІэдзауэщ. А илъэсырщ «Финансхэмкіэ цІыхубэ комиссариат» жыхуаІэр къыщыунэхуар. 1946 гъэм абы «СССР-м Финансхэмкіэ и министерствэ» фІащыжат.

2011 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкІэ, Экономистым и махуэр ягъэуващ къэрал псом щыгъэбелджылыпхъэ Іуэхугъуэу, зыхуагъэзари фокІадэм и 8-рт. Къызыхахар сыт жытІэмэ, мы махуэращ пащтыхь Александр I и жэрдэмкІэ Урысей къэралыгъуэжьым финансхэмкІэ министерствэ къыщызэІуахауэ щытар.

АтІэми, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щылажьэхэр 2015 гъэм мы Іуэхум аргуэру щриплъэжым, зыхуэгъэзэн хуейуэ къыщІрагъэдзыжар щэкІуэгъуэм и 11-рщ. Щ1ытрагъэхуари, зэрагъэхъыбарымкІэ, 1765 гъэм мы махуэм Урысей къэралыгъуэжьым и пащтыхь гуащэ Екатеринэ II Экономие жылагъуэ щхьэхуит, Правительствэм и жыІэ щІэмыту, къэралым щызэгъэІун зэрыхуейм теухуа унафэ къыдигъэкІауэ зэрыщытарщ.

Зыгъэлъапіэр хэт?

Зэрызэгурыіуам тету, мы махуэр зэдаІэт хьэпшыпрэ ерыскъыхэкІрэ щагъэхьэзыр Іэнатіэхэм Іутхэм, уней, къэрал къызэгъэпэщыныгъэхэм я хьэса тхылъхэр къахудигъэкІащ. Адыгэхэм я дунейпсо зэхуэсышхуэри къызэгъэпэща хъуным, ар тэмэму егъэкІуэкІыным и гуащІи хилъхьащ.

1993 гъэм Налшыкрэ Къайсэррэ къуэш зэрыщІауэ щытащ. Абы лъандэрэ къалэхэм зэныбжьэгъугъэ яку дэлъу къокІуэкІ. 2008 гъэм, Къанокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщ1у щыщытам, ар я пашэу, ди республикэм и лІыкІуэ гуп Тыркум щыІауэ щытащ. Абы щыгъуэм Къайсэр и уэрамхэм ящыщщ зым Налшык и цІэр фІащащ. Егъэджэныгъэ, экономикэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр яку дэлъу къалэхэр къызэдэгъуэгурыкІуащ. Абы теухуауи Ялчын Мустэфа жиІащ Налшыкрэ Къайсэррэ я зэкъуэшыгъэр егъэфІэкІуэным теухуауэ зэгъусэу зэдэлэжьэныр зэригуапэр. «Сыхуейщ ди зэныбжьэгъугъэр быдэу щытыну, зэпыщІэныгъэхэр ефІэкІуэну, зэхущытыкІэ дахэхэр диІэу лъэпкъитІыр дыкъызэдэгъуэгурыкІуэну», - жиІащ Ялчын Мустэфа.

Апхуэдэуи иджыри зы хъыбарыфІ мы махуэхэм къэІуащ. Къайсэр щылажьэ хасэм Талас районым щІы къыщищэхууэ щытащ. Ялчын Мустэфарэ хасэм и унафэщІхэмрэ зэгурыІуныгъэ зэращІылІащ абдеж адыгэхэм я Іуэхур щыдахыну щэнхабзэ центрышхуэ щаухуэныным теухуауэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

● Махуэгъэпс

Мылъку зэгъэзэхуэкІэм хуэІэзэхэр

мылъкур зэзыгъэзэхуэ-зэкІэлъызыгъакІуэхэм, ахъшэ хъумапІэхэм, экономикэ Іэщ1агъэм щыхуагъэхьэзыр еджапІэхэм щІэсхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ, властым и къулыкъущІапІэхэм ящыщу зи гугъу тщІы Іуэхущ1апІэхэм кІэлъыплъхэм, нэгъуэщІхэми.

Мы махуэм зэхаублэ я зэхыхьэхэм зи лэжьыгъэм нэхъ хуэІэижьхэр щагъэпажэ, щІыхь тхылъхэмрэ дипломхэмкІэ щагъэлъапІэ. Къинэмыщ1ауэ, экономист Іэнатіэм хуэжьджэрхэм я Іэзагъэм щыхагъахъуэ мастер-классхэр, семинархэр ахэр здэщыІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщызэрагъэпэщ.

Урысей Федерацэм экономикэ Іэнатіэм пщІэ нэхъ щызиІэу къалъытэр къэралпсо жылагъуэ тыгъэу «Гъэм и экономист» цІэ лъапІэмрэ абы дыщІагъу дамыгъэмрэщ.

«Экономист» жыхуаІэр?

Мылъку зэгъэзэхуэкІэм теухуа щІэныгъэм иригъуазэ Іэщ1агъэлІым зэреджэщ мы псалъэр. Апхуэдэ Іэщ1агъэ зезыхьэм и пщэрылъщ зыІут Іэнатіэм хэхъуэ-хэщІ и лъэныкъуэкІэ и Іуэху зытетым, лэжьапщІэ зэрыщатым кІэлъыплъыныр, нэгъуэщІ абы хуэдэхэри щызэгъэзэхуэныр. Экономистым хузэкІэлъыгъэкІуэнущ бухгалтер-финансист, налогхэмкІэ Іэщ1агъэлІ, аналитик жыхуаІэхэм я лэжьыгъэри.

Дызытепсэлъыхь Іэщ1агъэр къыхэзыхынум абыкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыпхъэщ, компьютеркІэ къагъэщхьэпэ программэ ехьэжьахэм, технологиещІэхэм хищІыкІыпхъэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Щ1ыналъэ Іуэхущ1апІи 162-рэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм сом мелуани 120-рэ яхуиутІыпщынущ ЦІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэзыгъэпэщ щІыналъэ центрхэм.

МЫЛЪКУР яІэрыхьыныщ Адыгэ, Коми, Марий Эл республикэхэм, Запорожье, Киров, Курган, Тверь областхэм. А ахъшэмкІэ къагъэщІэрэщІэжынущ икІи зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкІэ къызэрагъэпэщынущ щІыналъэ Іуэхущ1апІи 162-рэ.

Апхуэдэ унафэр щхьэпэ хъунущ цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэзыгъэпэщ центрхэм я лэжьыгъэр ефІэкІуэнымкІэ, зэхъуэкІыныгъэхэм я фІыгъэкІэ Іэнатіэ къэзылъыхъуэхэмрэ абыкІэ къызэзыгъэпэщхэмрэ нэхъ псынщІэу зэрыщІэнымкІэ Іэмал хъарзынэхэри щыІэнущ.

Зэкъуэтмэ - лъэщщ

УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1 Володин Вячеслав жиІащ къэралым зыужьыныгъэхэр щекІуэкІыным хуэунэтІауэ зыхуигъэувыжа мурадхэмрэ дзэ Іуэху хэхам и къалэнхэмрэ зэгъэхъулІэнымкІэ Урысейм и лъэпкъхэмрэ политикэ къарухэмрэ зэкъуэгъэувэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

«УРЫСЕЙМ зэи и щхьэр яхуигъэлъэхъшакъым зи лъабжьэм щІэзыгъэувэну хуейхэм. Ауэ къэрал кІуэцІым щекІуэкІ гугъуехьхэм, зэпэщІэувэныгъэхэм, сытым щыгъуи епцІыжакІуэхэр зэрыщыІам щытыкІэ хьэлъэхэм куэдрэ иригъэуващ», - къыщыхигъэщащ политикым «Урысей зэкъуэт» партым и «Тхыдэ фэеплъ» проектыр илъэс 20 зэририкъум хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщыхэІуах зэІущІэм.

Володиным жиІащ тхыдэ фэеплъыр хъумэным теухуа пэхуэщІэр къэралым и мурадхэмрэ къалэнхэмрэ зэгъэхъулІэнымкІэ Іуэхугъуэ щхьэпэу зэрыщытыр. Апхуэдэу абы хыхьэу щэнхабзэ щІэиным и объект 150-рэ къагъэщІэрэщІэжащ. Илъэс къэс ирагъэкІуэкІ «Текіуэныгъэм и диктант», къызэрагъэпэщащ Хэкум и хъумакІуэхэм я цІэхэр къыщыгъэлъэгъуа электрон реестр.

Щэкіуэгъуэм и 12, *махуэку*

♦Пневмонием (тхьэмбыл узым) ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и Хъумапіэ банкым и лэжьакІуэм и махуэщ
♦Урысейм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ и Іэщ1агъэлІым и махуэщ
♦1472 гъэм Урысейм и Гербыщ1эр - щхьитІ зыфІэт бгъэр зытетыр - къащтащ.
♦1936 гъэм къалъхуащ пианисткэ Іэзэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ**.
♦1937 гъэм къалъхуащ Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, философием и доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щІэнгъуазэр» хьэрыпыбзэкІэ къыдэзыгъэкІа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хъер**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Щ1ым и малъхъэдис щытыкІэм балли 4-кІэ зихъуэжынущ.

Щэкіуэгъуэм и 13, *мэрем*

♦Нэфхэм я дунейпсо махуэщ
♦Фіагъым и дунейпсо махуэщ
♦Гуапагъэм и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм радиацэм, химическэ, биологическэ Іэщ1эхэм защыхъумэным хуэгъэпса и дзэхэм я махуэщ
♦Урысей Федерацэм Къэрал щэхур хъумэнымкІэ и Іуэхущ1апІэр къыщызэрагъэпэща махуэщ
♦1758 гъэм Москва къалэм и лъабжьэр щагъэтІылъащ. Япэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И.М. и цІэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).
♦1929 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и сурэтыщІ, АР-м и гербыр зыщІа **Мэрэтыкъуэ Долэт**.
♦1955 гъэм къалъхуащ зэдзэкІакІуэ, радиожурналист **Мэремкъул Ларисэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 4 - 8 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 22-рэ: 11-р хъыджэбз цІыкІущ, 11-р щІалэщ.

Дыгуасэ - сабий 22-рэ: 7-р хъыджэбз цІыкІущ, 15-р щІалэщ.

Щэкіуэгъуэм зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 237-рэ, илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 7439-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Емрэ фІымрэ зымыщІэм имыщІэ щымыІэу къыфІощІ.



● Щэнхабзэ



Зэхэшэ шэбэщ

Шэджэм районым хыхьэ Лашынкъей къуажэм Къуэныкъуей Назир и цІэр зэрихьэу дэт курыт еджапІэ №1-м иджыблагъэ зэхыхьэ щхьэпэ щрагъэкІуэкІащ, мы гъэр УФ-м и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрыхагъэунэхукІар я тегъэщІапІэу.

ЗЭХУЭСЫР я жэрдэмщ а школым и унафэщІымрэ къыдэлажьэ егъэджакІуэхэмрэ. Іэнатіэм и куэбжэ дыхьэпІэм деж къыщыщІэдзауэ, и Іуплъапіэр и кІыхьагъкІэ гъэщІэрэщІат. Гъэр бэву къызэрыщІэкІам и нэщэнэу, кърахьэлІэжам ящыщ зыхалъхьа самэ дахэ цІыкІухэр адэкІэ-мыдэкІэ щызэтелът.

Дэтхэнэ лъэпкъми лІэщІыгъуэ куэдым къыкІуэцІрахауэ езыхэм къагъэщІа шхыныгъуэ яІэжщ. Курыт еджапІэм и пщІантІэм щагъэува Іэнэхэм щытлъагъурт ди лъахэм щыпсэу ди мылъэпкъэгъухэми я ерыскъыгъуэхэр. Ауэ, дэ гу зэрылъыттамкІэ, адыгэ Іэнэм телъ шхыныгъуэхэр ебэкІырт адрейхэм яйм.

Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и жармыкІэ зыфІаща зэІущІэм хэтащ Дунейпсо Арт-комитетым, Урысейм и лъэпкъ Арт-комитетым я унафэщІхэм я къуэдзэ Бейтыгъуэн Іэуес, КъБР-м тхылъ фІыуэ зылъагъурэм я зэгухьэныгъэм и исполкомым и унафэщІ Шинкарёвэ Наталье, Шэджэм районым и щІыпІэ администрацэм социальнэ Іуэхухэмкіэ и къудамэм и унафэщІ Іэрыпщэ Жаннэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист, пшынауэ Іэзэ Къуэдз Іэбубэчыр, уэрэджыІакІуэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист Дыщэкі Артур, Цагъэ Арсен, Тхьэзэплъ Залинэ, Шащіэ Маринэ, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ Уэтэбей Руслан, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр.

Бысымхэм ящыщу Іуэхум хэтащ къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Хьэгъэжей Хьэсэн, зи гугъу тщІы курыт еджапІэм и унафэщІ Къуэныкъуей Мадинэрэ абы и лэжьэгъухэмрэ, школым щІэс ныбжьыщІэхэр, абыхэм я адэ-анэхэр, нэгъуэщІхэри.

Курыт еджапІэм и пщІантІэр щхъуэкІэплъыкІэрэ удэзыхьэхыу зэрагъэщІэрэщІам хьэщыкъ хуэхъуами ярейт хьэщІэхэр. Макъамэ щабэр къэІурт. А щІыпІэм щызэхуэс цІыхухэр нэфІэгуфІэт, щыгъын зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ дахэу зэщыхуэпыкІат.

- ПщІэ зыхуэтщІ ди хьэщІэ лъапІэхэ! Нобэрей ди зэхуэсыр къыщыздгъэпэщащ мы гъэр ди къэралым и Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам ипкъ итущ. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэщи, «Зым Іэпыхур адрейм къищтэжу», дызэрылъытэу дызэхущытынырщ псори зытеухуэжар. Ди къэралым лъэпкъ куэд исщ, тхыдэкІи, динкІи, Іуэхущ1афэкІи дызэтемыхуэу, ауэ псоми ди хэщІапІэр зыщ, ди Хэкушхуэрщ, - жиІащ зэІущІэр къызэІузыха икІи езыгъэкІуэкІа Бейтыгъуэн Жамболэт - Къэбэрдей драмэ театрым и артистым.

Адэкіэ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэр къеуащ.

Утыкум къихьащ курыт еджапІэм и унафэщІ Къуэныкъуей Мадинэрэ абы и лэжьыгъэмрэ.

Школ унафэщІым псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ зэхуэсахэм.

- Нобэрей ди зэхыхьэм къытхуеблэгъахэми, зыкъорезыгъэхьэлІахэми, зэхуэсыр къызэгъэпэщынымкІэ зыкъытщІэзыгъэкъуахэми фІыщІэ ин фхудощІ. Ди зэхуэсыр зытегъэщІар ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм дяку дэль зэныбжьэгъугъэр гъэлъэпІэнырщ, дызэгурыІуэу дызэдэпсэуным нэхъыфІ зэрыщымыІэр щІэблэм зыхедгъэщІэнырщ, ди нэхъыжьыфІхэм лІэщІыгъуэ куэдым къыкІуэцІраха я Іуэхущ1афэ дахэхэр ипэкІэ дгъэкІуэтэнырщ. Си щхьэкІэ къызолъытэ ар дэтхэнэ зыми ди къалэн нэхъыщхьэу. Ди блэкІар тщІэжмэ, къэкІуэну дахэ зэрыдиІэнум шэч къытесхьэркъым, - къыхигъэщащ Къуэныкъуейм.

Бейтыгъуэн Іэуес къыщыпсалъэм къыхигъэщащ:

- ФІыщІэшхуэ фхузощІ мыпхуэдэ зэхыхьэ дахэ къызэрызэвгъэпэщам папщІэ. Си сабиигъуэр щІэзыупскІа мы жылэжьым си гур къигуфІыкІыу сыкъыдохьэж сытым дежи. Мы курыт еджапІэм дыщыщІэса илъэсхэр гуимыхужщ си дежкІэ, гъащІэ щІэращІэм и фІыпІэр щызыхэтщІащ мыбдеж. Сыныбохъуэхъу нобэрей махуэ лъапІэмкІэ! Лъэпкъхэм ди зэгурыІуэныгъэмрэ зэхущытыкІэмрэ зыгъэбыдэщ мыбдеж щекІуэкІ Іуэхугъуэ дахэр, ар гуапагъэм, щыпкъагъэм я нэщэнэщ.

Псалъэ ират Іэрыпщэ Жаннэ.

- «Зэхэшэ шэбэщ», жиІащ пасэрейм. Нобэ мыбдеж щекІуэкІ Іуэху дахэм къегъэлъагъуэ гукъэкІрэ гулъытэрэ зэхуэтщІу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр дызэрызэдэпсэур. Щ1эблэм я гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкІэ апхуэдэ зэхыхьэхэр Іуэху щхьэпэщ, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр зэрылъапІэр къэзыгъэлъагъуэщ. ФІым ухущІэкъумэ, фІым ухуэзэнущ. Дызыхэт Іуэху дахэр къызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ фхузощІ. Іуэхум хэт дэтхэнэ зыми сынывохъуэхъу узыншагъэ, гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ фыщымыщІэу, зым Іэпыхур адрейм къищтэжу, Іуэхуфіхэр здэфщІэу фыпсэуну, - жиІащ абы.

Зэ1ущІэм зыкъорезыгъэхьэлІахэм фІыщІэ яхуищІащ Хьэгъэжей Хьэсэн.

- ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм дигу кьегъэкІыж Урысей Федерацэм и къарур абы щыпсэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэкъуэтыныгъэм зэрепхар. Махуэшхуэр республикэм и щІыналъэ псоми щагъэлъапІэ. Лъэпкъхэр зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу псоми нэхъ лъапІэ сыт щыІэ! Дызэкъуэтмэ, дызэрылъагъумэ, дызэрылъытэмэ, дызэдэІэпыкъумэ, дэ къытпэлъэщын зыри щыІэкъым. Ар дапщэщи нэрылъагъущ. Блэкіа лІэщІыгъуэмкІэ дгъэзэжынщи, Хэкум къизэргуа фашистхэм я гугъащ ди лъахэм и хъугъуэфІыгъуэхэр зыІэрагъэхьэу, ди лъапсэм псы ирагъэжьхьыжыну. Ауэ, лъахэм лей къыщытехьэм, СССР-м и лъэпкъ псори зылІ и быну зэкъуэуващ. ИкІи, хьэкІэкъуэкІэхэр къыздикІам яхужащ. Абыхэм я гугъэ фІейхэр щІиващ лэжьакІуэбэм я зэкъуэтыныгъэм. Апхуэдэу нобэ екІуэкІ дзэ Іуэху хэхам къыдэкІуа зэпэщІэувэныгъэри ди текІуэныгъэкІэ иухыну догугъэ. Лъэщыр пэжым и телъхьэрщ, - жиІащ Хьэгъэжейм.

Щхъуэкіэплъыкіэу гъэщІэрэщІа Іуэхущ1апІэм блэкІрэ пэт кърихьэлІат Брянск областым къикІа хьэщІэ зэщхьэгъусэхэр. Ахэр къэувыІащ гуфІэгъуэ зэхыхьэр зэрекІуэкІым тІэкІу еплъын мурадыр яІэу. Курыт школым и егъэджакІуэхэм ящыщ зыр жыжьэу къэувыІауэ къапльэ цІыхухэм ябгъэдыхьэри, къригъэблагъащ зэхуэсым. Къызэрыщ1экІамкІэ, ахэр Урысей Федерацэм и курыкупсэм къикІат. ИкІи Кисловодск дэт зыгъэпсэхупІэр я егъэзыпІэу, Къэбэрдей-Балъкъэрымкіэ къагъазэри, Шэджэм псыкъелъэхэм зыщапльыхьыну дэкІуеяуэ арат.

Зэ1ущІэм хэтхэм хъуэхъукІэ зыкъыхуагъэзащ хьэщІэхэм.

- Дынывохъуэхъу нобэ вгъэлъапІэ махуэмкІэ, ар псоми ди зэхуэдэ Іуэхугъуэщ. Лъэпкъхэр дызэкъуэтмэ дылъэщщ. Дыблэжьрэ пэт фи зэхэтыкІэ дахэм дыдихьэхри, дыкъэувыІат тІэкІу деплъынщи, адэкІэ ди гъуэгум пытщэнщ, жыІэри. Дыкъеблэгъэнуи ди гум къэкІатэкъым. Ауэ гу къытлъэзыта бзылъхугъэм дыІуимыгъэкІыжу дыкъригъэблэгъащ. Сэ къызбгъэдэкІыу фІыщІэ ин фхузощІ дэтхэнэ зыми. Кавказым ис лъэпкъхэр хьэщІэкІэ фызэрыфІым, Іуэхущ1афэ дахэ куэд фызэриІэм дыщыгъуазэщ. Сыхуейщ лъэпкъхэм ди зэкъуэтыныгъэр ефІэкІуэну, дызэрыгъэпэжу, зэгурыІуэ дяку дэлъу дыпсэуну. Мыбдеж щызэхэт ныбжьыщІэхэм дэ едгъэлъагъу щапхъэр гъуазэ зэрахуэхъунум шэч хэлъкъым. Ахэр узыншэу, гъэсауэ къэхъунымкІэ жэуап зихьри дэращ. Ди Іуэху фІы ириКІуэ, - жиІащ хьэщІэм.

Бейтыгъуэн Іэуес къуздихьа «Во благо России» зытет медалымрэ щІыхь тхылъымрэ Къуэныкъуей Мадинэ, «Почётный наставник творческой мол

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Африкэми щыадыгэщ!



Псори дыщыгъуазэщ Мысырым лІэщІыгъуэ зыбжанэкІэ щыІа адыгэ зауэлІ лъэпкъыу мамлюкхэм я хъыбар телъыджэхэм. **Адыгэ напэмрэ щІыхьымрэ яхъумэжу**, **къызыхэкІа лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэ дахэм иригушхуэу**, **ЛІыгъэ зэрахьэу псэуащ ахэр**. **Дауи**, **Мысырым и закъуэкъым ахэр щыпсэуар**. **Тхыдэм къыхощыж мамлюкхэмрэ абыхэм я щІэблэхэмрэ Африкэм и къэралыгъуэ зыбжанэм куэду исауэ**, **уеблэмэ абыхэм къатехъукІыжахэр нобэр къыздэсым абыхэм щыІэу**.

СУДАНЫМ адыгэхэр 13-нэ лІэщІыгъуэм къыщыхутауэ хуагъэфащэ, а къэралыгъуэр мысыр сулътІанхэм къазэуа нэужь. 1275 гъэм, Мысырым и сулътІан Бейбарс Езанэр Нубием (иджырей Суданым пасэм зэреджэу щытар Нубиещ) и къалащхьэ Донголэ къыщекІуэкІ зэгурымыІуэныгъэхэм ирихьэлІэу къэралым теуэри, Суданым и Іэтащхьэу игъэуващ Шаканду пащтыхьыкъуэр. Ар мысыр сулътІаным и унафэм щІэтт, жиІэр игъэзащІэрт. Мамлюк мин бжыгъэхэр къыщынат а щІыналъэми, я диным къемызэгъ ухуэныгъэхэр ирахри, мэжджытхэр дащІыхьащ, щхьэхуимытхэр мин бжыгъэкІэрэ ящэу, ерыскъырэ дыщэрэ кърашу щІадзащ. Къищынэмыщlауэ, унафэщІ псори я къулыкъухэм трагъэкІри, езыхэм я цІыху, адыгэхэм ящыщ трагъэуващ. Къыхэгъэщыпхъэщ 13-нэ лІэщІыгъуэм Суданым властыр щызыубыда мамлюкхэм я къулыкъур зэІэпахыурэ 1811 гъэ пщІондэ къызэрысар.

1816 гъэм судан мамлюкхэр Мысырым и тет Мухьэммэд-Алий лъэІукІэ зыхуагъэзат фирхьэунхэм я къэралым къагъэзэжыну хуит ищІыну. СулътІаныр абы арэзы техъуащ, ауэ зыпхигъэлъэкІащ мысыр мамлюкхэм нэхъ пасэІуэу яубыда щІыми, къащІэна мылъкуми, щыпсэуа унэхэми судан адыгэхэм я Іуэху зэрыхэмылъынур. Абы и закъуэтэкъым, щІалэхэм къыхуагъэлъагъуэ дзэ къулыкъухэр хьэуэ къыхэмыкІыу зэрахьэнут, зи ныбжь хэкІуэтахэр къэралым зыхуей хуигъэзэнут, Мысыр Ипщэм щепсыхыну ягу илъмэ, цІыхухэм лей къытрамыгъэхьэу, тын къытрамыхыу, мамыру псэун хуейт. СулътІаным къыхигъэщащ мамлюкхэм Мысырым ягъэзэжрэ, зэрызэгурыІуахэм ящыщ гуэрым адыгэхэр ебакъуэмэ, зэращымысхьынур.

Суданым лъэ быдэкІэ щыува мамлюкхэм ядакъым ар.

Апхуэдэу щыхъум, Мухьэммэд-Алий дзэшхуэ къызэригъэпэщщ, и къуэ Исмэхьил-пащэр пашэ къахуищІри, Суданым ебгъэрыкІуащ, зи щІыб къыхуэзыгъэза мамлюкхэм зыгуэр ягу зэрилъыр къыгурыІуэри. Суданым щыпсэу къызэрыгуэкІ цІыхухэм занщІэ зыкъатащ, ахэр хуейтэкъым лъы ягъэжэну. Ауэ, адыгэ мамлюкхэм гупитІу загуэшри, зыр Эфиопием Іэпхъуащ (мини 5 хъу мысырыдзэм зэрыпэмылъэщынур къагурыІуат, сулътІаным и унафэм щІэувэну хуейтэкъым), адрей гупыр пэщэм деж кІуэри, Мысырым и жьауэм зэрыщІэувэр жаІащ, къыхуащІыр зэраунафэмкІи тхьэ хуаІуащ. Исмэхьил абы щыгуфІыкІащ икІи Каир къиутІыпщащ, щхьэхуимыт негр щэ бжыгъэхэр гъусэ къахуищІри.

Суданым и тхыдэм къыхощыж адыгэ унафэщІ гуп. Къищынэмыщlауэ, къэралым къегъэщІылІа щІыпІэхэм я унафэщІхэри адыгэт. Европэм щыщ зыплъыхьакІуэхэм, тхыдэтххэм зэратхыжамкІэ, судан мамлюкхэм я анэдэлъхубзэр фІы дыдэу ящІэрт, абыкІэ зэпсалъэрт, зэкъуэтт, хамэ зыхамыгъэхьэу, щхьэхуэу псэурт. Мамлюкхэм я къалэныр ягъэзэщІа нэужь Мысырым ираджэжырт. Арами, нобэкІэ Суданым адыгэ унагъуэ зыбжанэ щопсэу.

Курыт лІэщІыгъуэхэм адыгэ щхьэхуимытхэр Тунисми щыпсэуащ. Хабзэ зэрыхъуати, ахэр Тыркум е Мысырым къыщащэхурт. Тунисым щыпсэу адыгэ мамлюкхэм я бжыгъэм щыхэхъуар 18-нэ лІэщІыгъуэращ. А зэманым ирихьэлІэу Тунисыр Уэсмэн къэралыгъуэм и унафэм къыщІэкІат, езым и къарумрэ и дзэмрэ хигъэхъуэну хущІэкъурти, хъусейнидхэм адыгэ щІалэхэр къащэхурт, абыхэм лІыгъэкІэ къефІэкІын Африкэм зэрыщымыІэр къащІати.

Кавказым ираша адыгэ щІалэхэр Тунисым къызэрыщыхутэу дзэ Іуэхум хуагъасэрт, хьэрыпыбзэри уэсмэныбзэри зэхуэдэу ирагъащІэрт, диныр кърагъащтэрт. Бейхэр адыгэ зауэлІхэм фІыуэ къахущытт, уеблэмэ благъэ ящІырт япхъухэр иратурэ, къулыкъушхуэхэр къыхуагъэфащэрт. Жыпlэнурамэ, Іупэфlэгъу къащІын папщІэ, къыхуамыдэнрэ къыхуамыщІэнрэ щыІэтэкъым. Апхуэдэу, 18-нэ лІэщІыгъуэм и кІэхэм ирихьэлІэу щІылъэр зыгъэгъуагъуэ мамлюкыдзэ иІэт Тунисым. Псалъэм папщІэ, 1807, 1813 гъэхэм тунис мамлюкхэм зэтраукІауэ щытащ алжир янычархэр, хьэмтетыгъуэм трахун мурадкІэ Тунисым къытеуа уэсмэн янычархэми 1811 гъэм хьэбэсабэр къыхрагъэхат. Мы къэралыгъуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа мамлюк цІэрыІуэхэм ящыщщ премьер-министр къулыкъур зезыхьа Шакир. Европей къэралыгъуэ зыбжанэм я щІыхуэхуэ зытелъ Тунисыр щыхупІэм къригъэкІауэ щытащ а адыгэ щІалэм 1829 гъэм. Къищынэмыщlауэ, тхыдэджхэм жаІэж Адыгэ хэкум щыпсэу и адэ-анэмрэ къыдалъхуахэмрэ Шакир къигъуэтыжауэ зэрыщытар.

Адыгэ мамлюкыдзэмрэ къулыкъущІэхэмрэ я дэІэпыкъуэгъуу Тунисыр Уэсмэн къэралыгъуэм и унафэм къыщІэкІат, ауэ Инджылызымрэ Франджызмрэ и ужь кьихьэри, зэпаубыдащ. Къищынэмыщlауэ, 1836 гъэм уэсмэнхэр Тунисым къебгъэрыкІуэу щІадзащ, къахьэхужыну ныкъуакъуэу. КъыкІэлъыкІуэ илъэс 50-м я къэралыгъуищыр зэпэщІэтащ Тунисыр зэзыпхъуэным щхьэкІэ.

А лъэхъэнэм къэралыр куэдрэ икІагъэ ихуащ, Іулъхьэ Іызыххэр куэд хъуати, къулыкъу нэхъыщхьэхэр инджылызхэмрэ франджыхэмрэ яубыдат. Щ!ыналъэр зэрыува щытыкІэм кьишын зэрыхуейр къыгурыІуащ мамлюкхэм я нэхъыщхьэ Хъайрэддин генералым. 1857 гъэм ар хыдзэм и министр хъуат икІи а къулыкъур и пщэ къыщыдалъхьа махуэм иригажьэри, зи унафэщІ хъуа Іуэхущlапlэр европей жыпхъэм иригъэувэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ игъэзэщІащ. КъыкІэлъыкІуэу Хъайрэддин 1873 гъэм къыхуагъэфэщащ премьер-министр къулыкъур, хамэ къэрал Іуэхухэмкlэ министр щІыхьыр. Унафэщlу зэрыщыта илъэсхэм къриубыдэу мамлюкым хузэфІэкІащ Тунисым зригъэужьыжыну, зригъэІэтыжыну, зэрыпхъуакІуэхэр къэралым иригъэкъэбзыкІыну, Іулъхьэр игъэкІуэдыну. Мамлюкым Уэсмэн къэралыгъуэм хуилэжьам пэкІуэж пщІэи игъуэтыжауэ щытащ дунейм щехыжам.

Ливием щыпсэу адыгэхэр, куэдым зэрагугъэм хуэдэу, зэрыщыту мухьэжырхэракъым зи щІэблэр, атІэ 9-нэ лІэщІыгъуэм къыщыщІэдзауэ хьэрыпыдзэм къулыкъу щызыщІа мамлюкхэращ!

1969 гъэм Ливием и властым къытехьащ Муаммар Каддафи. Абы къыдэщІырт ливие адыгэхэр. Иужькlэ, Каддафи иригъэкІуэкІ политикэмкІэ мыарэзы, Мэхъуэш Умар майорыр зи пашэ адыгэ къулыкъущІэ гуп зэгуроІуэ Муаммар трахуну. Арщхьэкlэ, я мурадыр къаймыхъулІэ щІыкІэ, а зэгурыІуэныгъэр Каддафи деж нагъэсыжати, Мэхъуэшым къэралыр ибгынащ икІи Мароккэм зыщигъэпщкІуащ. 1984 гъэм Мароккэм и унафэщІхэм адыгэ къулыкъущІэр Каддафи къратыжри, мыгувэу яу-кІат.

Африкэ къэралыгъуэ зыбжанэм ноби щыбгъуэтынущ адыгэ хуэмэбжьымэ. Ахэр щопсэу Эфиопием, Мароккэм, Алжирым, нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ**.

Бензин уасэр ехыжащ

2026 гъэр гугъуу екІуэкІащ. **Дуней псор ковидым игъэтхытха иужькІэ, кІыхьлІыхьу зыкъэдужьыжурэ, ди нэгу къытхущІэмыгъэхьэхха Іуэхугъуэхэм я курыкупсэм дыкъыщыхутащ. Абыхэм ящыщщ Европэмрэ Урысеймрэ я бензин уасэр тІукІэ нэхъыбэу хэхъуэу цІыхухэр гъэсыныпхъэм телажьэми ярейуэ илъэс ныкъуэм нэблагъэкІэ къызэрекІуэкІар**.

ГЕРМАНИЕМ, псалъэм папщІэ, мы Іуэхум и пэщІэдзэ хуэхъуар геополитикэ зэгурымыІуэныгъэхэр арамэ, Урысейм щІыдагъэм щелэжь и заводхэр къэгъэуэнырщ псори къызэІызыщІар.

Росстатым къызэритымкІэ, гъэсыныпхъэ уасэм 2026 гъэм, бадзэуэгъуэм хэхъуэн щІидзэри, инфляцэм куэдкІэ ебэкІащ. Къэрал бензин игъэхъуапІэхэм гъэсыныпхъэ уасэм зэрызыщихъуэжышхуа щымыІами, машинэхэр щэ бжыгъэкІэ щызэхэтт, уэрам зыщыплІкІэ заукъуэдияуэ. Дауи, псоми къалъымысу бензиныр яухырти, хьэрычэтыщІэхэм я деж лъапсейуэ къыщащэхун хуей хъурт. Тхьэмахуэм зэ сом мини 5 и уасэ гъэсыныпхъэ ибгъахъуэмэ, цІыхур щІэлэжьэжыр сыт?

Гу лъытапхъэщи, щІыналъэ псоми щызэхуэдэтэкъым бензин уасэр. 92-нэ бензин литрым и уасэр сом 200-м щынэса къэхъуащ, Кисловодск къалэм дэт игъэхъуапІэхэм ардыдэр сом 67-кІэ щыбгъуэтырт зэпымычу, ауэ сыхьэтым щІигъукІэ ухэтын хуейт, уи чэзур къэсыным. Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ къэрал гъэсыныпхъэ игъэхъуапІэхэр къапщтэмэ, я нэхъыбэр щымылэжьэххэ къэхъурт.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, жэпуэгъуэм и кІэм гъэсыныпхъэ уасэр ехыжу щІидзащ, къэрал игъэхъуапІэхэри зэуэ къэлэжьэжащ. Хьэрычэтыщlэхэри гужьеигъуэм (е нэпсеигъуэм) къикІауэ къыщІэкІынущ, ахэри и пІэ изгъэжащ.

Уи гур псэхужауэ узэплъэкІыжмэ, сыт-тІэ а хьэргъэшыргъэр къызыхэкІар?

Зауэр джынымкІэ институтымрэ Росстатымрэ къызэратымкІэ, Украинэр къеуащ Урысейр щІыдагъэм щелэжь заводхэм. Абы Іуэхур къызэтригъэувыІэри, УФ-м и щІыналъэ 89-м щыщу 78-м бензиныр тэмэму нимышэсыфу гугъу ехьащ къэралыр.

Зэхакъута заводхэм я лэжьыгъэр зэтеублэжыным зэманышхуэ ихьащ, къищынэмыщlауэ, Украинэр мыувыІэу, мызэмытІэу къыхэуащ яІэтыжа Іуэхущlапlэхэм. Урысейм и щІыналъэм къыщыщІих щІыдагъэм елэжьыну Іэмал щимыгъуэтым, Белоруссием, Индием, Тыркум къришын хуей хъуащ. Ауэ, хамэ бензиныр къэралым хуиту къахуешэлІакъым, Урысейм санкцэ бжыгъэншэхэр зэрытелъым къыхэкІыу. Дауи, апхуэдиз гугъуехь пылъу, мылъкушхуэ текІуадэу кърашэлІа гъэсыныпхъэр япэрей уасэкІэ ищэмэ, къэралым хэщІыныгъэшхуэхэр ихьырт. Аращ къызыхэкІар бензин уасэр зэуэ зэрыдэуеяр. Нэхъ пхыдза щІыналъэхэм, дауи, ар адрейхэм нэхърэ щынэхъ лъапІэт.

Іуэхум и нэхъ Іеигъуэр гъэмахуэ мазэхэм хуэзати, а лъэхъэнэм уасэри нэхъ лъагэу щытащ. Уеблэмэ къэрал щІыбым ираш бензиныр ямыщэу, ари къызэтрагъэувыІа пэтми, сэбэп зэрыхъуа щыІэкъым.

Дауэ мыхъуами, сыт къытпэщылъми, бензин уасэр иджыпсту зэтеувэжащ, тхьэмахуэм къриубыдэу (жэпуэгъуэм и 27 - щэкІуэгъуэм и 2-хэм) илъэс ныкъуэ ипэкІэ иІыгъа уасэм техьэжащ. Ауэ, Іуэхур и пІэ изгъэжьапами, бензин уасэр адэкІэ ехынуми е дэуеижынуми зыми ищІэркъым.

Бонд Джеймс къызытращІыкІар хэт?



Инджылыз тІасхъэщІэх гъуэзэджэ Бонд Джеймс теухуа фильмхэм ящыщ зы емыплъа щыІэ хъункъым нобэ. **Илъэс 64-рэ хъуауэ къегъэлъагъуэ франшизэм къыпызыщэ фильмхэр**. **Киноиндустрием хэт цІыхухъу нэхъ зэкІуэ**, **хахуэ дыдэхэр зэблахъуурэ**, **ди пащхьэ къралъхьэ тхыдэм ицІыхуж тІасхъэщІэххэм я нэхъ Іэлым и хъыбар**. **Хэт-тІэ Бонд Джеймс къызытращІыкІыжар?**

БОНД и теплъэри, зэфІэкІхэри, хьэлри зы цІыхухъу закъуэкъым зытращІыкІар. Флеминг Сам Ян зэгуэр жиІэгъащ: «Бонд романтикэшхуэ зэщІэкІа, тІасхъэщІэхыр зэрыщытын хуейм хуэдэу ягъэпса лІыхъужьщ. Ауэ, Бонд нэхъыбэ дыдэу зэщхьыр Канадэм щыщ тІасхъэщІэх Стивенсон Уильямщ». Ипэжыпlэкlэ, цІыхухъу зыбжанэм я теплъэмрэ зэфІэкІхэмрэ щызэхэпщащ Бондым.

Ар нэхъыбэ дыдэу зрагъэщхь Стивенсоныр канадскэ хьэрычэтыщІэт, британ тІасхъэщІэхыу ЕтІуанэ дунейпсо зауэм КъухьэпІэмкІэ щыІа гупым я унафэщІт. Бонд иІащ зыхуэлажьэхэм къызэрацІыху цІэ лейуэ «Хъыжьэ».

ЗэрыжаІэмкІэ, Стивенсон, пэж дыдэу, Іэзэу зауэрт, малъхъэдисым хуэдэу узыІэпишэу лъагъуэуафІэт.

Психологхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Бонд нэхъыбэ дыдэу зэщхьыр тІасхъэщІэх лъэрызехьэм теуха тхылъыр зи Іэдакъэ къыщІэкІа Флемингщ. Абы лІыхъужьым «тыгъэ хуищІат» езым зэрихьа коммандер цІэ лъапІэр, и лъагагъыр, и нэ плъыфэр, щхьэцыр. КІэщІу жыпІэмэ, жаІэ Бонд тхакІуэм и альтер эго хьэлымрэ лъэкІыныгъэхэмрэ хипщауэ. Къищынэмыщlауэ, Флеминг зыми химылъхьэну фІыуэ илъагъурт кофе, тутын, джэдыкІэ гъэжьа, джанэ Іэщхьэ кІэщІхэр... Бонд хуэдэу!

Зауэ зэманым Флеминг хыдзэ-тІасхъэщІэх гупым яхэтащ, унафэщІым и дэІэпыкъуэгъуу. Ари хилъхьащ и лІыхъужьым.

Иджыри щыІэщ зы цІыхухъу, Бонд и теплъэр абы тращІыкІауэ хуагъэфащэу. Дандердейл Уилфред. Ауэ абы сантиметри 164-рэ и лъагагъыу арат, мыкІуэмытэт, теплъаджэт. Арами, щэныфІэу щытагъэнущ. Сыту жыпІэмэ, Бонд Джеймс и щІыкІэ дахэр зытратхыкІар Дандердейлу жаІэ. Абы и ныбжьыр илъэс 19-м щІигъуауэ Одессэ ягъэкІуауэ щытащ, курыт еджапІэм щІэс щІалэщІэм зригъэщхьу, пкІэунэхэм щыпсэууэ, зигъэтхьэмыщкІафэу, ипэжыпІэкІэ - тІасхъэщІэхыу. Гу лъытапхъэщ ар дыдэр тхылъми зэрыхэтыр. Дандердейл иужькІэ къулей хъуащ, Бонд хуэдэу, кІэстум дэгъуэхэр щыгъыу, тутын гъумхэм ефэу, Роллс-Ройс ису щытащ.

Флеминг япэ дыдэу итхауэ щыта «Казино Рояль» тхылъым къыщыгъэлъэгъуа Бондыр серб тІасхъэщІэх тІуащІэм трищІыкІауэ жаІэ. 1941 гъэм Флеминг Португалием щыІэу, Попов Душкэ ирихьэлІауэ щытащ, куэзыр джэгукІэ и хьэрхуэрэгъу псори ихьарэ, ящІэнакІэу, и джэгукІэр и напщІэ телъу щысу. А теплъэ дыдэр Флеминг тхылъым хигъэхьат.

Кънэмыщl тІасхъэщІэхыу, Бонд зытращІыкІауэ зыхуагъэфащэхэм ящыщщ Йео-Томас Эдвард. Ар щэнейрэ кхъухьлъатэм кърадзати, щэми псэууэ къелащ.

Далзел-Джоб Патрик утыкушхуэм щыжиІауэ щытащ: «Сэращ Бонд Джеймс зытращІыкІыжар!»

Дауэ мыхъуами, гум фІырыфІкІэ имыхуж 007 агентыр цІыхухъу зыбжанэм тратхыкІащ. Дэтхэнэми хьэл, зэфІэкІ нэхъыфІ дыдэу хэлъыр къызэщІащыпэри. Арагъэнущ ар гурыхь зыщІри - апхуэдэ цІыхухъу дунейм теткъыми.

Мы тхыгъэмкІэ фэдгъэцІыхуну дыхуейщ Арщыдан къуажэм щыщ тхакІуэ ныбжьыщІэ Бэчбо-Шыпш Залинэ.

КЪУАЖЭМ и курыт еджапІэ №2-р ехъулІэныгъэхэр иІэу къиуха нэужь, и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ мэкъумэш академием и «Финансхэмрэ кредитхэмрэ» къудамэм. Илъэс зыбжанэкІэ бухгалтеру лэжьащ.

Залинэ зэрыцІыкІурэ тхэным дехьэх. Иджыри курыт еджапІэм щІэсу и япэ сабий усэхэр итхыу щІидзащ. ІэщІагъэ хуэхъуари аращ. Мы зэманым сабийхэм яхуэгъэза усэхэр, Іуэтэжхэр етх. И сабий усэхэм дадэнанэхэр къыфІыхощ, адэшхуэ-анэшхуэм къуэрылъху-пхъурылъхухэм хуаІэ щабагъымрэ гуапагъэмрэ ебэкІыу. Къинэмыщlауэ, дунейм и щытыкІэм, гъэм и зэманхэм, псэущхьэхэм, Іуэрыlуатэм и лІыхъужьхэм тотхыхь. КъБР-м и Іэтащхьэу щыта, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкІыу сенатору щыІэ, ЩІДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен иригъэкІуэкІа «StartUp 5642» зэпеуэм и грантыр къызэрихьам и фІыгъэкІэ, Залинэ 2022 гъэм къыдигъэкІащ «Нанэ и бзэ, дадэ и бзэ» зыфІища и усэ тхылъыр. Лэжьыгъэр сурэт щхъуэкІэплъыкІэхэмкІэ игъэдэхащ Адыгейм щыщ сурэтыщІ Богъус Заремэ. Тхылъыр модельердэрбзэр Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щагъэлъэгъуауэ щытащ. Абы уеджэм и мызакъуэу, Интернетыр къэбгъэсэбэпу уедаІуэ зэрыхъу аудио лІэужьыгъуэри иІэщ. Мыр кІэмыргуей диалектым ирагъэзагъэри, Адыгеймки къыщыдагъэкІащ. Залинэ и тхылъым ихуа усэхэр зытеухуам тещІыхьа сурэтхэр цІэлэжьн хуейуэ игъэхьэзырауэ щытащ художник Елей Нурдин и гъусэу. Залинэ и гуапэу ядолажьэ республикэм къыщыдэкІ журналхэмрэ газетхэмрэ. Сабий гъэсапІэхэмрэ курыт еджапІэхэмрэ щІэх-щІэхыурэ ирагъэблагъэ, и тхыгъэхэм зыщагъэгъуазэ. Езыми сабийхэм яІущІэну, ядэлэжьэну фІэфІ дыдэщ. Залинэ и «Насып жылэ» Іуэтэжыр тыдодзэ.

«Насып жылэ»

Япэ жэпыр къехауэ нэху дыкъекІат. Щэбэтым псори дыдэст. Апхуэдэ махуэхэм тІэкІу нэхъ дагъэжейрт, пасэу дыкъамыгъэтэджу. Езыр-езырурэ дыкъэушауэ Ассанэрэ сэрэ гъуэлъыпІэм дыхэлът, шхыІэн хуабэр дигу пымыкІыу. Ди хъуцэцэныр ирикъури, зытхуэпэну дыхуежьащ. Абы хэту дадэ бжэр къыІуихри: - «ЛІо хьэІуцэ цІыкІухэ, фыкъэуша?» - жиІащ, къытхуэгуфІэу. Дызэпеуэу жэуап еттыжащ «НтІэ, дадэ, нтІэ. Дыкъэушащ!».

- Арамэ, хъарзынэщ! ИІэ, атІэ, фышхи, фынакІуэ си гуэсэу хадэм, къэбым жэп техащи, иджы Іутхыжми хъунущ.

Ассанэрэ сэрэ дызэплъыжри, Іупщlэ тщІащ, ауэ дадэ зыкъэдгъэщІакъым и жагъуэ дымыщІын щхьэкІэ. ЖыпІэнур аракъэ, кІыхьу тщІащ ди пщэдджыжьышхэр. Хадэ лэжьыгъэм дыхуэщхьэхынэми, зызэман зэ зытхуапэри дыщІэкІащ. Абы ирихьэлІэу дыгъэр тІэкІу къызэщІэплъэри, жэпыр игъэткІужат. Унащхьэм и къуапэм ткІуэпс цІыкІу къеткІухэм бабыщ гупыр кІэщІэтт, я жьэр укъауэ, къэзыубыдынум щхьэкІэ зэныкъуэкъуу. Сэ ахэр псы хуэлІэу жысІащ, Ассанэ зэригугъэмкІэ ахэр джэгуу арат. Ауэ абыхэм я псылъэм хуэфІу псы къабзэ зэритым уеплъмэ, Ассанэ жиІар нэхъ пэжт.

Абыхэм даблэкІри, дадэ дыбгъэдыхьащ. Ар зэрыгуфІэнэІут. Дадэ фІыуэ умылъагъункІэ Іэмал зимыІэ цІыху гуапэт.

- ФыкъэкІуа, си хъыджэбз цІыкІухэ? - жиІащ и макъ щабэмкІэ.

Дадэ зэи къыдэшхыдэртэкъым, дэри абы нэхъ лейуэ дыкІэрыпщІауэ дыщытт. ТІэкІу дыщхьэхми, и гуапэ тщІын щхьэкІэ сытри тщІэрт. Шэрхъ цІыкІуищ зыщІэт гу цІыкІум, хадэ лэныстэшхуэр илъу, иришажьэри дадэ хадэм ихьащ. Дэри абы и кІэм диуващ. Къэбыр къыщыкІыр хадапхэ дыдэрат, зиубгъуарэ и лъэрыжэхэр адэ-мыдэкІэ дэжеяуэ. Уеблэмэ, чийм щхьэпрыкІаи яхэтт, къэбпылъыр адрей лъэныкъуэмкІэ щелэлэхыу.

Лэныстэ жаным лэжьэн щІидзащ. Дэ дызэгурыІуащ нэхъ цІыкІухэр Ассанэ, тІэкІу нэхъ инхэр сэ, ин дыдэхэр дадэ гум ирилъхьэну. Зырыз-тІурытІурэ къэбыр зэрыщыту гу цІыкІум кьихутащ.

- Іуэху мыублэ блэ хэсщ, - жиІащ дадэ. - Флъагъурэ, псынщІэу зэрыдухар?

Пэжуи, зэрызыдгъэхьэзырар нэхъыбэт, лэжьыгъэ тщІам зэману ихьам нэхърэ.

Ассанэ къэкІиящ: «Даlэ, даlэ, сыт хуэдэ блэ?!» - жиІэу. Дадэ дыхьэшхри къыгуригъэІуащ «блэр» щхьэхыр зэрыарар. Абы утекІуэрэ Іуэхур щІэбдзэмэ, щІэхыу зэрыбухыр.

Ауэрэ шэджагъуашхэр къэблэгъащ. Дадэ зы къэб иупщІатэри: «Мэ, Іэдыщэ, унэм щІыхьи ягъэвэну яжеІэ, деплъынщ къетхьэлар зыхуэдэм», - жиІащ.

Ассанэрэ сэрэ дыгуфІэжу унэм дыщІэлъэдэжри, дагъэшхэну къыщыдэджэнум дежьэу, дыджэгуу дытІысыжащ.

Тэлай дэкІри, си анэр къызэджащ:

- Іэдыщэ, кІуэи дадэ къеджэ, къэбыр ващ.

Бжэ щІыхьэпІэм щыт вакъэшхуитІыр зылъэпысІури сыщІэжащ, зэрыщІыІэм къыхэкІыу зызэхуэсшэурэ. Апщlондэху дадэ къэб жылэхэр зырызыххэу къыхигъэкъэбзыкІри, тхылъымпІэ кІапэм трилъхьэжат игъэгъущыну.

- Дадэ, мыр сыту тщІыну, щхьэ хыфІумыдзэрэ? - щызыслэм:

- Дауэ хыфІэздзэн, Іэдыщэ? Мыр насып жылэщ!» - жиІащ.

- Ар дауэ, дадэ? - естащ аргуэру упщІэ.

- Илъэс Іэджэ ипэ, уэ уи ныбжьым ситу, сэри си адэшхуэм игъусэу къэб Іусхыжауэ щытащ. Абы щыгъуэм къызжиІат: «Сыту насып узэрызиІэр, нобэ узигъусэу узэрылэжьар. ЕтІанэгъэ хэтсэнщ мы насып жылэхэр!»

ЕтІанэгъэ дэри зэгъусэу хэтсэнщ, Іэдыщэ, мы насып жылэхэр. Накlуэ, иджы дыгъашхэ!

Зыгъэхьэзырар **ТЕКІУЖЬ Заретэщ**.

Макъыщlэ

Дыкъоджэ, додаІуэ, сурэту дощІ



Лъэпкъ пэхуэщІэхэр мэлажьэ

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ цІыкІухэм ухуэзышэ автомобиль гъуэгухэр щыІэ мардэм къигъэтІысэным ехьэлІауэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр ди щІыналъэм щрагъэкІуэкІ иужьрей илъэсхэм, **«ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ**.

ЖЫПІЭНУРАМЭ, 2026 гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Дзэлыкъуэ районым и Чыщбалъкъ жылэм екІуалІэ гуэгум щыщ Іыхьэ, километри 3,9-рэ и кІыхьагъуэу. Республикэм и къуажэ пхыдзахэм ящыщ абы щыпсэухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ а Іуэхугъуэ щхьэпэ зэфІагъэкІам. Сыту жыпІэмэ, курыт еджапІэм, сымаджэщым, Щэнхабзэмкlэ унэм, щІыпІэ администрацэм я хэщІапІэхэм, нэгъуэщІхэми уахуешэ абы.

Иужьрей илъэсхэм теплъаджэу щыта а гъуэгур зэІузэпэщ ящІащ иджы. Апхуэдэ щІыкІэкІи, Чыщбалъкъ къуажэм и транспорт инфраструктурэр зэрырагъэфІэкІуам къыдэкІуэу, гъуэгум щызекІуэхэм я тыншыпІэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэща хъуащ.

Мы гъэм къагъэщІэрэщІэжащ Налшык - Май автомобиль гъуэгури. Абы Чернэ Речкэ къуажэм ухуешэ икІи километри 6-м щІигъу и кІыхьагъщ. Мыбдежым махуэм къриубыдэу машинэ куэд зэуэ щызэблокІ икІи къуажэхэм я транспорт зэпыщІэныгъэр егъэфІэкІуэным ехьэлІауэ мыхьэнэ ин иІэщ.

Абы нэмыщІ, лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ Тэрч щІыналъэм щаутІыпщащ Хьэмидей - Курп Ищхъэрэ автомобиль гъуэгур. Борийм-рэ Къудеймрэ я цІэхэр зэриІуэ Хьэмидей щыІэ уэрамхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Абыхэм зэхэту километри 4,8-рэ я кІыхьагъщ. Лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ къуажэдэсхэми, транспорт щхьэхуэхэми, комунальнэ техникэхэми иджы Іэмал яІэ хъуащ тыншу гъуэгум щызекІуэну, къапэщылъ лэжьыгъэхэр дагъуэншэу зэфІагъэкІыну.

Республикэм и къуажэ цІыкІухэм кІуэ автомобиль гъуэгухэм ящыщу мы гъэм зэІузэпэщ ящІахэм хохьэ Шэрэдж районым и Шэрэдж Ищхъэрэ - Жэмтхьэлэ - Сукан-Суури, псори зэхэту километри 5,3-рэ зи кІыхьагъыр. А гъуэгум Псыгуэнсу къуажэм ухуешэ.

Шэрэдж Ищхъэрэ - Жэмтхьэлэ - Сукан-Суу автомобиль гъуэгур 2019 гъэм щыІэ мэзэ хуагъэкІуэн щІадзащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгу Іэнатlэр мы гъэм илъэсищэ щрикъум ирихьэлІэу ар и кІэм нагъэсащ, Жэмтхьэлэ Ищэ къуажэм и дыхьэпІэм екІуэлІащ, адэкІэ ар кІуэцІрокІ Зэрэгъэж, Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ, Ипщэ жылэхэм икІи Сукан-Суу аузым нэс макІуэ.

Гъуэгу лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІа щІыпІэхэм ящыщу мыхьэнэ нэхъ ин зиІэхэм яхохьэ Чернэ Речкэ - Благовещенкэ автомобиль гъуэгури. Абы километр 12,6-рэ и кІыхьагъщ, республикэм и муниципалитетищ зэпещІэ: Аруан, Прохладнэ щІыналъэхэмрэ Бахъсэн къалэмрэ. Мы гъэм УФ-м и Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакІуэхэм я махуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу гуфІэгъуэ зэхыхьэ иращІэкІыу ар къызэІуахыжащ.

Иджыпсту чэзум щытыр Шэджэм ЕтІуанэ - Булунгу автомобиль гъуэгурщ. Мы гъэм лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ километр 25-рэ зи кІыхьагъ Іыхьэм. Республикэм и экономикэ, туризм Іэнатlэхэм заужьынымкІэ мыхьэнэ ин иІэщ мы щІыпІэм. Гъуэгум ухуешэ Шэджэм Ищхъэрэ, Эль-Тюбю, Булунгу къуажэхэм: туристхэм кІуапІэ ящІ, зыщагъэпсэху, я нэгу зыщрагъэужь щІыпІэ дахэ куэд здэщыІэхэм.

КЪАЛМЫКЪ Альберт.



ЛIыхъужьхэм я щапхъэ

КъБР-м и Лъэпкъ музеим щагъэлъагъуэ «ТекIуэныгъэ Иным Кавказыр зэкъуегъэувэ»»» бгъэIэпхъуэ хъу сурэтхэр. Ар теухуащ зэман, илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм Кавказым и ЛIыхъужьу зи цIэ Iуахэм. Мыр къыззэрагъэпэщащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсымрэ дзэ Iуэху хэхамрэ ятеухуауэ.

МУЗЕЙМ и пэш блынхэр яуфэбгъуащ Кавказыр щхьэхуит къызэращIыжам теухуа, щIыналъэм ис лъэпкъ псори зэкъуэувэу бийм зэрыпэщIэтам щыхьэт техъуэ дэфтэрхэм. Адэкlэ лъагъу Урысейм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм я ЛIыхъужьхэм, дзэ Iуэху хэхам щызэрахьа лIыгъэм дыщызыгъэгъуазэ тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым щыIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Iэмырбий, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед, КъБР-м и Лъэпкъ музеим и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Накуэ Феликс.

Интернет Iэмалымкlэ зэхыхьэм хэтхэм зыкъыпащIащ Севастополь и Нахимовскэ муниципальнэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Помогалов Николай, Рогачёв щыIэ индустриально-педагогикэ колледжым (Беларусь Республикэ, Гомельскэ область) дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ и унафэщI Любогощев Валерэ, «Бендеры къалэм и «Боевые братья» зэгухьэныгъэм (Приднестровье) и унафэщI Березянский Виктор, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Лъэпкъ музеим и унафэщI Цуциев Аслъэн, нэгъуэщIхэми. Абыхэм я псалъэм къыхагъэщащ блэкIам я хъумакIуэ хъуну щIэблэр мы гъэлъэгъуэныгъэм кърашэлIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.





Усыгъэр щIэблэм зыхрагъащIэ

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Малкэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щекIуэкIащ Урысейм и лъэпкъхэм я литературэм и фестиваль. 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам теухуауэ къэралым щокIуэкI Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр. Литературэми гулъытэ хуащI. Абыхэм ящыщ зыщ Малкэ щызэхаша мы пшыхьри. Ар къызэригъэпэщащ Дзэлыкъуэ районым и централизованнэ библиотекэ системэм и унафэщI Мурат Иринэ. Дахэу ар ирагъэкIуэкIащ, къарагъэблэгъа усакIуэхэм я хъэтIхэм щхьэхуэныгъэу хэлъхэми тепсэлъыхьащ Малкэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и художественнэ унафэщI Бондинэ Каринэрэ Кичмалкэ къуажэм и курыт еджапIэм и 11-нэ классым щеджэ Джатэ Ибрэхьимрэ. Пшыхьыр къызэIуихащ Мурат Иринэ:



- Урысейм и лъэпкъхэм я литературэмрэ усыгъэмрэ ятеухуа ди пшыхьым фыкъызэреблэгъар ди гуапэщ. Мыр Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэшхуэм и щIыхькIэ къызэдгъэпэщащ. Тхылъым, псалъэм и къарум, художественнэ гупсысэм дызэпещIэ дэ псори, тхылъым хуэтщI пщIэр елъытакъым дыкъызыхэкIа лъэпкъым, ар елъытащ ди псэм и щытыкIэм. Абы къыхэкIыу пшыхьым къедгъэблэгъащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ.

Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт: иджыблагъэ ди районым щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэр зыхэта онлайн зэпеуэ, «Гъунэгъум и бзэмкIэ усэ къеджэ» («Стихи на языке соседа») фIащауэ. А Iуэхум къыхэжаныкIахэри ди пшыхьым къедгъэблэгъащ, - жиIащ Иринэ.

Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм и библиотекэм и унафэщI Бей Iэмирэт жиIащ художественнэ псалъэм и къарур цIыхухэм зыхащIэнымкIэ усыгъэ пшыхьхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Абы фIыщIэ хуищIащ а лэжьыгъэр емызэшыжу къызэзыгъэпэщ Мурат Иринэ. Iэмирэт къыхигъэщащ пшыхьым кърагъэблэгъахэм ящыщ Гугъуэт Заремэ и Iэдакъэщ IэкIэмкIэ къуажэр зэрыгушхуэр, езым абы и усэ тхылъыр къытригъэзэжурэ зэрыщIиджыкIыр.

Пшыхьым щIэсхэм псалъэ тепщIыкIащ. Маргъущ псы цIыкIур къыщежьэм и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэ джабащхьэ фэхущ. Арщыдан къуажэдэсхэм вапIэ (вагъэ) папщIэу флъагъуну, пщIэ хуэфщIыну, фрипсэлъэну! ФыкъызыхэкIа лъэпкъыр гурэ псэкIэ фIыуэ флъагъумэ, нэгъуэщI лъэпкъхэми пщIэ яхуэфщIынущ, я щэнхабзэр флъытэнущ. ФIыщIэ фхузощI ди щIэблэм тхылъыр Iэпэгъу яхуэхъуным зи къару езыхьэлIэхэм, псом хуэмыдэу библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм, - жиIащ абы.

Усакlуэ-уэрэдус Мэхъуэш Маринэ къеджащ анэм, гухэлъым, щIыуэпсым, цIыху хьэл-щэнхэм, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм ятриухуа сатырхэм.

Урысейм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и хасащхьэм хэт, «Солнышко» сабий журналым и лэжьакIуэ, тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэм къыщIэкIа, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхэ Аслъэн Мухьэрбий. Ар къеджащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и бзылъхугъэхэм, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, адэжь лъахэм яхуитха усэхэм.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ балъкъэр усакIуэ Баккуев Артур.

- Нобэ мы зэхуэсым къеблэгъа ныбжьыщIэхэр фыкъыхуезджэну сыхуейщ фи анэдэлъхубзэр фIыуэ къызэрытпэплъэр, щIэщыгъуэ гуэр зэрытлъагъунур. Псом хуэмыдэу си гуапэщ литературэ пшыхьым ныбжьыщIэхэр зэрыщIэсыр, сыту жыпIэмэ, абыхэм дахагъэр фIыуэ ягу ираубыдэ, гъащIэм къащыхуэщхьэпэну щапхъэхэр ялъагъу, тхылъым, усыгъэм я гур хуэпабгъэ мэхъу, - жиIащ Маринэ.

Усакlуэ, Урысейм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Гугъуэт Заремэ къеджащ и Iэдакъэщ IэкIэкIэм щыщ. Дагъыстэн усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, тхакIуэ, «Клуб писателей Кавказа» зыфIаща зэгухьэныгъэм и унафэщI Муслимовэ Миясат и усыгъэу урысыбзэкIэ зэридзэкIам щыщ зыбжани кърихьэлIахэр иригъэдэIуащ.

Пшыхьым щагъэлъэпIащ иджыблагъэ районым щрагъэкIуэкIа «Стихи на языке соседа» онлайн усэ зэпеуэм щытекIуахэр. Абыхэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ Мурат Иринэ. Езы ныбжьыщIэхэри фIыуэ ялъагъу усэхэм къеджащ.

Илъэси 7-10 хъухэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Къанкъул Самирэ. Гуртуевэ Мелек етIуанэ, Дыгъужь Амалие ещанэ увыпIэхэр ялъысащ. Илъэс 12-15 зи ныбжьхэм я зэпеуэм Джэш Аринэ япэ увыпIэр, Къанкъул Азэмэт етIуанэр, Умаров Мухьамат ещанэр къахьащ. Илъэс 16-35-рэ хъухэм я зэпеуэм япэ щыхъуащ Мэшыкъуэ Каримэ. Махуэ Мурат етIуанэ, Джатэ Ибрэхьим ещанэ хъуащ. УнэтIыныгъэ щхьэхуэхэм къэпщытакIуэхэм къыщыхагъэщхьэхукIащ Умар Айлин, Махуэ Сафие, Щэбэтыкъуэ Ясминэ, Апыч Сафинэ сымэ я усэ къеджэкIэр.

Литературэ пшыхьыр игъэдэхащ Дзэлыкъуэкъуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм къафэмрэ уэрэдымкIэ и «Ислъэмей» ансамблым.

Тхыгъэри сурэтхэри
ГЪУЭТ Синэ *ейщ.*

● Тхэквондо

Багъ Идари УФ-м плIэнейрэ и чемпион хъуащ

Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан къикIыу хъыбар гуапэ аргуэру къытIэрыхьащ: УФ-м тхэквондомкIэ (Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ – ВТФ) и чемпионатым, Бекъул Миланэ хуэдэуи, дыщэ медаль щэбэт кIуам къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Багъ Идар.

КИЛОГРАММ 63-рэ зи хьэлъагъхэм я деж зыкъыщызыгъэлъагъуэ ди щIалэм зэIущIэ зыбжанэ зэхьэзэхуэм щригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщу Идар хигъэщIащ Пермь щIыналъэм и спортсмен Волков Артем, хэгъэрейхэм я гъэсэн Маметов Рустам, Осетие Ищхъэрэ – Аланием икIа Хубаев Батрадз сымэ. Иужьрейм ди щIалэр финалым щытекIуащ.

Апхуэдэ щыкIэкIэ, Багъ Идар, Бекъул Милани хуэдэу, УФ-м тхэквондомкIэ плIэнейрэ и чемпион хъуащ, зэ ещанэ увыпIэр иубыдащ. Абы нэмыщI, ар Европэм и чемпионщ, УФ-м спортымкIэ дунейпсо класс зиIэ и мастершэ. Идар зыгъасэр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

Иджырей зэхьэзэхуэм хэтащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 44-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 500-м нэблагъэ, езыхэр гуп 16-у гуэшауэ. Чемпионатыр къызэрыхахыу щытащ: абы щытекIуахэм УФ-м и командэ къыхэхам хагъэхьэну Iэмал ягъэгъуэтащ икIи етIанэгъэ екIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэнущ, апхуэдэуи рейтинг очкохэр къалэжьащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.
Сурэтым: **Ахъмэт Амиррэ Багъ Идаррэ.**



«Си Хэку, уи куэщI сыщыгъэжей»

Гуапагъэ къызыпкърыкI щIалэ нэфIэгуфIэщ Теунэ Жэмал Хьэчим и къуэр. Ар джэгуакIуэщ, уэрэджыIакIуэщ, хьэтиякIуэщ, усакIуэщ, Музыкэмкlэ театрым и артистщ, Театр гъуазджэхэмкlэ къэрал институтыр (ГИТИС) Москва къыщиухащ, ар щеджащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэми.

НАРТКЪАЛЭ къыщыхъуа щIалэм адыгэбзэр егъэбзэрабзэ. Ди хабзэм тету екIуу хьэгъуэлIыгъуэ джэгухэр ирегъэкIуэкI, цIыхубэм къацIыху и Iуэхущ Iафэ дахэхэмкIэ.

Зи гугъу тщIы щIалэр иджыблагъэ ди редакцэм къедгъэблагъэри депсэлъащи, къыджиIахэм фыщыдогъэгъуазэ.

- ЦIыхур и хъуэпсапIэм лъэIэсыфынущ, къэмыувыIэу кIуэ къудеймэ. Зыгуэр къызгурыIуэ зэрыхъурэ гъуазджэр си псэм хэлъщ. Си адэр дохутыру лажьэрти, «дохутыр сыхъунущ» жысIэу щытащ сыщыщIыкIум. Зэман дэкIри, си гур нэгъуэщIым зэрыхуэпабгъэр къызгурыIуащ, дохутыр сызэрымыхъунур, гъуазджэм сызэрыдихьэхыр зыхэсщIащ. Адэ-анэми ар къысхуагъэдэхащ. «Си анэм къысхуидауэ щытамэ, сэри гъуазджэмкIэ училищэм сыщIэтIысхьэну си мурадат», - къызжиIат си адэм. Адыгэ уэрэдыжьхэр и псэм хэлъат абы, езым жиIэнри и жагъуэтэкъым. Пщыхьэщхьэм унэм дыщызэхуэсыжамэ, усэ къытхуеджэрт, псынщIэрыпсалъэхэм дригъасэрт, къуажэхьэмкIэ дызэпригъауэрт.

Нарткъалэ Щэнхабзэмкlэ и унэм а зэманым щылэжьа Жьэкlэмыхъу Жансурэт и нэIэм сыщIэтащ сыкъыдэкIуэтеиху. Япэ дыдэу утыку сыкъызэрихьа уэрэдыр «Тхьэм фигъэпсэу» жыхуиIэращ, Лъашэ Альберт игъэзащIэхэм ящыщщ ар. Абы щыгъуэ илъэсибл сыхъуми арат. Курыт еджапIэр къэзуха нэужь, ГИТИС-м сыщеджащ, Москва «Кураж» и фIэщыгъэу щыIэ театрым илъэсийкIэ сыщылэжьащ. Сыщеджэми сыщылажьэми Урысейм илъэс пщыкIущкIэ сыщыпсэуащ, республикэм сызэрыпэIэщIэр си гум къеуэ зэпыту. ИтIанэ, хамэ щIыпIэм си псэр щезэшащи, си Хэку, уи куэщI сыщыгъэжей, жысIэри сыкъэкIуэжащ. Сэ къэрал зэмылIэужьыгъуэ куэдым сыщыIащ, абыхэм я зэхэтыкIэхэри слъэгъуащ, ауэ ди лъахэр, ди бзэр, ди хабзэр зыпэсщIын срихьэлIакъым. Хабзэм и бзэр гуапагъэщ, псэм и щIасэр щабагъэщ.

Москва сыщыщыIа илъэсхэм, зэрызысIащи, къэрал куэдым зыкъыщыдгъэлъэгъуащ. Ди зэхэтыкIэм хьэщыкъ ищIауэ, фIыщIэ къытхуащIу, сытым щыгъуи дыкърагъэжьэжащ бысымхэм. Абыхэм ящыщу си гум нэхъ кIинэжар Шотландием и къалащхьэ Эдинбург мазэкIэ зыкъэдгъэлъагъуэу дыщыщыIа зэманырщ. Абы къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къраша спектаклхэм еплъхэу, пщэдджыжьым сыхьэти 8-м къыщыщIэдзауэ махуэ псом пэшым щIэзу цIыхур щIэст. Ар гъэщIэгъуэн дыдэ сщыхъуат. Абы тшауэ щытащ «Краски» зыфIэтща спектакль, дэ езыхэм зэхэдгъэувэжар. А зы спектаклыр къытедгъэзэжурэ мазэ псом къэдгъэлъэгъуат. Къалэм цIыху куэд щызэблэкIырти, театрыр зи кIуапIэхэр мащIэтэкъым.

Инджылызым нэс сыкъэкIуауэ дауэ Шерлок Холмс и музейм зыщызмыплъыхьынрэ жысIэри, Лондон си лъэр нэсхусат. Гъэщlэгъуэнкъэ тхакIуэм къигупсыса литературэ лIыхъужьым и музей зэращIар? СызэрыщыгъуазэмкIэ, дунейпсо литературэр къапщтэмэ, Шерлок Холмс и закъуэщ апхуэдэ пщIэ зыхуащIар.

Си лэжьыгъэмкIэ къезгъэзэкIыжынщи, спектаклхэм щызгъэзащIэ ролхэм я сэфэтым сихьэу цIыхубэм я гум сызэрыдыхьэным дапщэщи яужь ситщ. Ауэ абыкIэ си дунейр гъэнщIа хъуркъым - сэ уэрэди жызоIэ, уэрэдыжьхэми сыдахьэх. Мы зэманым уэрэд 50-м щIигъу сиIэщ, сэ стхаи яхэту.



Хьэгъуэлыгъуэм и гугъу тщIымэ, ар хабзэм тету зэрезгъэкIуэкIыным сыхущIокъу. Ауэ сыхьэт бжыгъэм зэфIэкIын хуей хьэгъуэлIыгъуэр ди хабзэм къызэремызэгъыр гурыIуэгъуэщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддэгъуэгурыкIуэ хабзэ дахэхэр догъэкIуэдыж. Дэнэ щыIэж тхьэмахуэкIэ екIуэкIыу щыта хьэгъуэлIыгъуэхэр? Зэи дыхущIемыгъуэжыным хуэдэу лъэныкъуэ идогъэз. «Ди япэ ита нэхъыжьхэм ди хабзэр ягъэкIуэдыжащ, дэ дэнэ къитхыжын?!» - къытхужамыIэжыну пIэрэ щIэблэм?! Мис абыхэм согупсыс. Жыгым лъабжьэ имыIэжмэ, щхьэкIэр хэт зыIыхъынур?!

Республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ ди унагъуэм къихьэу щытащ дыщыцIыкIум, абыхэм ди адэр къытхуеджэрт. «Адыгэ псалъэ» газетым итхэм щIэщыгъуэ сщыхъуу соджэ, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэри къысхуокIуэ. ФIыщIэ фхузощI адыгэбзэм зезыгъэужь, ар зи псэм хэлъ псоми.

Дэри Жэмал дохъуэхъу и хъуэпсапIэхэр къехъулIэну.

НЭЗРЭН Раисэ.

Маргъущ и Iэхэлъахэ

● ЩIыпIэцIэхэр

Маргъущ (Гуартэ и плъапIэ) – Къэбэрдей-Балъкъэрым и ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ щежэх Псыгуэнсу псым и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщыхэлъадэ и къудамэмрэ иужьрейм и ныджащхьэхэмкIэ узыщыIущIэ Iуащхьэмрэ зэреджэщ.

МЫ Iэгъуэблагъэм ущрохьэлIэ «Маргъущ дыгъапIэ», «**Маргъущыкъуэ**», «**Маргъущ хуей**», «**Маргъущ дыхьэпIэ**», «**Маргъущей**» (Арщыдан псым сэмэгумкIэ къыщыхэхуэж и къуэпс цIыкIум и цIэщ), «**Маргъущ шытх**» (псы къудамэхэу Маргъущрэ Вагъэдзыкъуэрэ зыдэт къуэбэкъухэр зэхэзыгуэшыкI мэзылъэ тхыцIэм зэреджэщ, Арщыдан къуажэшхуэм ипщэ-къухьэпIэмкIэ щиIэ мэзым хэтщ), «**Маргъущым и фэху**» (лъэпкъ Iуэрыlуатэм ущрохьэлIэ) жыхуиIэ фIэщыгъэхэр зезыхьэ щIыпIэхэм.

«Маргъущ» зыфIаща Iуащхьэм метр 1041-рэ и лъагагъщ. Ар Вагъэдзыкъуэ псы цIыкIум и къежьапIэ дыдэм къыщхьэщытщ, Арщыданыпсымрэ Маргъущыпсымрэ къыщыщIидзэхэм я зэхуаку дэтщ. Мы щIыпIэм Арщыдан жылэдэсхэм я щIымахуэ хъупIи итащ.

Маргъущ бгым и цIэр «Топографическая карта Кавказского края 1877 года» зыфIащам зэритыр «**Корт-Тляпа**» псалъэ зэхэтымкIэт, ди анэдэлъхубзэмкIэ къикIыр, ищхьэкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, «Гуартэ плъапIэ» жыхуиIэщ.

БжакIэ - «БжеикIэ» псалъэм къытепщIыкIащ. Маргъущ псы цIыкIур къыщежьэм и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэ джабащхьэ фэхущ. Арщыдан къуажэдэсхэм вапIэ (вагъэ) папщIэу къагъэсэбэпырт. «**Джабэщ**I» зи фIэщыгъэ щIыпIэм и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ, «**Вындыб**» жыхуаIэм ипщэкIэ щыIэщ.



БжакIэ мэз - Вагъэдзыкъуэ псы цIыкIур здежэхым ищхъэрэ-къухьэпIэмкIэ пыIуха щIыпIэм узыщыIущIэ жыг гуэрэныбэм зэреджэщ.

Банэжь хуей – Маргъущыпс и сэмэгурабгъумкIэ щыIэ щIыпIэщ.

«Банэ» псалъэр зыхэт фIэщыгъэхэм куэду дащрохьэлIэ адыгэхэр ижь-ижьыжкIэ зэрыс нэгъуэщI щIыпIэхэми. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щежэх Балъкъ псыхуэм и ижьрабгъумкIэ къыщыхэхуэж **Мазэхэ** псым и ныджащхьэхэмкIэ узыщыIущIэ «**Банэхукъуэ**» щIыпIэр, лъэпкъ Iуэрыlуатэм узыщыхуэзэ «**Банэlэбжьэ**» псалъэ зэхэтыр, Адыгэ Республикэм и ищхъэрэ-къухьэпIэмкIэ (Краснодар къалэм пэгъунэгъуу) зыщызыуфэбгъуа «**Панэхэс**» шапсыгъ къуажэр, а лъэныкъуэмкIэ Iэпхъуэжауэ щыта къэбэрдей адыгэхэм къатепщIыкIыжа жылэжьыр зэрыса щIыпIэм итIысхьа урыс станицэм зэреджэ «**Бенаково**» («**Банэкъуэ**») жыхуиIэр, нэгъуэщIхэри.

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

Дэрбзэр цехыщIэ

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм тезырыр щагъэзэкIуэж и колоние № 4-м дэрбзэр цехыщIэ къыщызэIуахащ.

ЩЫЛЭЖЬЭНУ пэшитIым щIагъэуващ зэрыдэ машинэ 20. Иджырей Iэмэпсымэщ Iэмал къаритынущ фIагъ зиIэ хьэпшыпхэр къыщIэгъэкIынымкIэ. НэгъуэщI Iуэхущ Iапlэхэр зыщIэупщIэхэр сменитIу зэблэкIыу ягъэхьэзырынущ икIи абы Iэмал къитынущ ягъэтIыса цIыхубз 40 лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщыну.

Цехыр зэрыхьэзырыр къипщытащ пенитенциар Iэнатlэм и унафэщIым. Демидов Александр жиIащ ар зэраутIыпщыр управленэм и Iуэхущ Iапlэхэм зегъэужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэу зэрыщытыр. Ягъэтlысахэм Iэнатlэ яIэным къызэрегъэпэщ абыхэм ялэжьа щIэпхъаджагъэхэм кърикIуа хэщIыныгъэхэр е я щIыхуэхэр япшыныжыныр, апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ хуит ящIыжа нэужь гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ.

Мы зэманым ИК-4-м щыIэ дапIэ цехым егъэзащIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм ярищIыIа зэгурыIуэныгъэхэр, къапщтэмэ, «Факел-спец одежда» компанием, зи хьэпшыпхэр УФ-м, Белоруссиемрэ Къэзахъстанымрэ щыIэхэм, Урысеймрэ СНГ-м щыщ къэралхэмрэ фащэхэр езыгъашэ «Сириус» компанием и гупымрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.



Унафэщl-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщlэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщl Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlэжэрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.101
Заказыр №2469

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Пхытlыкl Марие** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.